ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№150 (23.808) ● 2018 гъэм дыгъэгъаазэм (декабрым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЕхъулІэныгъэхэм я лъабжьэр

КІуэкІуэ Казбек «Урысей зэкъуэт» партым и XVIII съездым и лэжьыгъэм хэтащ

Ди республикэм и делегацэр «Урысей зэкъуэт» партым и XVIII съездым щыІащ. А зэІущІэшхуэм щыхэплъащ дызыхэт илъэсым кърикІуахэмрэ партым адэкІэ къыпэщыт къалэнхэмрэ.

СЪЕЗДЫМ и пленар зэІущІэм къыщыпсэлъащ Урысейм и Президент Путин Владимир. Абы къыхигъэщхьэхукІащ щІыхуэхм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, къэралым и суверенитетыр гъэбыдэнымкІэ, экономикэм зегъэужьыным-кІэ, Урысейм иджыпсту къыпэщыт къалэн инхэр тэмэму гъэзэщІэнымкІэ партым жэуапlimыныгъэшхуэ кьыззэрыбгъэдэхуэр.

Къэралым и Іэтащхьэм гулъытэ хэха хуищІащ щІыналъэхэм я Іуэхуэр зэрекІуэкІым. «Урысей зэкъуэт»-м и дэІэпыкъуныгъэ ямыгъэотмэ, щІыналъэхэми муниципалитетхэми я Іуэхуэр дэкІинукъым. Дэ ар нэгъэсауэ къыдгурыІуэн икІи псоми ди зэхуэдэ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ быдэу дызэщІэгъэуІуэуэ делэжьын хуейщ», - жиІащ абы.

Путин В. В. къыззырльэтэмкІэ, партым ирегъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ цІыхухэм ябыщІауэ щытыныр. «Іэмал имыІэу цІыхухэм яхьыхьэн, къеуІуэкІ псори абыхэм зэІуэхуэ ягурыгъэІуэн, кьащта сыт хуэдэ унафэми ди къэралымрэ ди зэманымрэ я дежкІэ яІэ мыхьэнэр яхуэзэкърыхьн хуейщ», - къыхигъэщхьэхукІащ Президентым.

«Урысей зэкъуэт» партым и Іэтащхьэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий зэрыжиІамкІэ, политикэ мурадхэр, къыхуеджэныгъэхэр, лэжьэкІэр къэгъащІэращІэжьын хуейщ, сыту жыпІэмэ, сыт хуэдэ политикэ къаруми и ехъулІэныгъэхэм я лъабжьэр абы зэпымыуэ зихъуэжьын зэрыхуэзфІэкІырщ.

ХVIII съездым и пленар зэІущІэм хуэІущІащ «Урысей зэкъуэт» партым и Уставым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр, партым и орган нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэм щыщхэр зэхъуэкІыным теухуа унафэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Дыгъуасэ

КІуэкІуэ Казбек Темыркъан Юрий илъэс 80 зэрырикъуамкІэ йохъуэхъу

Урысей дирижёр телъыджэ, Урысейм щыхьх зиІэ и гупым - Санкт-Петербург и къэрал филармониемэ и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщІым, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и нагъыщ псори зрата Темыркъан Юрий и ныбжьыр дыгъуасэ илъэс 80 ирикъуащ.

ЮБИЛЕЙМКІЭ СССР-м и цІыхубэ артистым, Совет Союзым, УФ-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреатым ехьэхъуащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек.

Темыркъан Юрий и ГъащІэр, хэку, дунейпсо щэнхабзэр хъумэнымрэ гъэбгъуэнымрэ хуэгъэзауэ абы зэфІигъэкІа лэжьыгъэшхуэр, къыщыгъэлъэгъуащ ди щІыналъэм и унафэщІым и телеграммэм, ІэщІагъэм хуэпэжу щытынымкІэ икІи гъуэгуджэм псэемыблэжу хуэлажьэнымкІэ щапхъэ хьэлэмэтщ. МыкІуэщІыж жыджэрагъ зэфІэкІышхуэрэ зэрыбгъэдэлъым бзыхэкІыу Темыркъан Юрий ди зэманым и музыкант нэхъ гъуэзэджэ дыдэхэм икІи псоми щапхъэ зытрахэжэм ящыщ хъуащ.

КІуэкІуэ Казбек дирижёр гъуэзэджэм узыншагъэ, унагъуэ насып, ефІэкІуэныгъэ, гурыфІыгъуэ иІэну ехъэхъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ

Шэч къытесхьэркъым

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек Урысей Федерацэм и Конституцэр илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэр пщІэ зыхуэсщІхэ!

ПІалатэм гъуэзэджэмкІэ - Урысей Федерацэм и Конституцэр илъэс 25-рэ зэрырикъумкІэ - сынывохьэхъу. Зэкъонгъэхьэхэр къыззэращтам Іэмал къитащ иджырей Урысейм и тхыдэм и нэхъ гугъуехь лъэхъэнэм къэралыр къызэтегъэнэнымкІэ икІи ди цІыхубэм я творческэ зэфІэкІым зезыгъэужьыну зэкІыпІэщІэхэр зэтегъэувэнымкІэ. Документым къэралыгъуэм и хабзэхэр щыубзыхуащ икІи абыхэм я нэхъыщхьэ дыдэу цІыхур, абы и хуитыныгъэхэмрэ къыщыгъэнэнымрэ къыщыгъэващ.

Иджырей Конституцэр зытещІыхьа лъабжьэхэр зэпІэззэрыту щытынымрэ къэралым тэмэму зиужьынымкІэ Іуэху нэхъыщхьэщ. Дэ ди къалэнщ зэхуэдэныгъэмрэ захуагъэмрэ гъащІэм и хабзэ зэрыхъунум, дэтхэнэ зы унагъуэми и псэукІэр иригъэфІэкІуэным, республикэм ис дэтхэнэ зыми Законыр и хъумакІуэ тщІыным дыхущІэкъуну.

Къэралым и Закон нэхъыщхьэм и къарур зэкІэлъыкІуэу пхыдгъэкІмэ, дэ дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум я къэкІуэнур тэмэму зэрызэтедгъэувэфынум шэч къытесхьэркъым.

Си гуапэу псоми сынывохьэхъу узыншагъэ, мамырыгъэ, насып, ефІэкІуэныгъэ фиІэну.

● КъБР-м и Парламентым

КъэкІуэнур зейхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэмрэ къалэ округхэмрэ щыщ еджакІуэ 27-м «Урысейм дрищІыхуш!» Іуэхум хьэхуэ, къэралым и щыхьум и дэфтэр ящхьыщхьэр - паспортыр - КъБР-м и Парламентым щратащ.

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиІэ а ІуэхугъуэмкІэ щІалэгъуалэм ехъэхъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, абы и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъэув Іэтатіэм и япэ зэхуэсыгъуэм Республикэмкіэ и Советым и унафэщІу щыта, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий**, КъБР-м и Парламентым и етІуанэ зэхуэсым ПлыкІуэхэм я Советым и унафэщІу, КъБР-м и Парламентым и ещанэ зэхуэхьэм и тхьэмадзэ щыта **Бечелов Ильяс**, КъБР-м и МВД-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ, полицэм и полковник **Къэрэнашэ Аслъэн**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьынымрэ щыхуэбэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис** сымэ.

- Хабзэ дахэ хъуауэ, ди Іуэхущіапіэм къыдогъэблагъэ еджэным, спортым, жылагъуэ Іуэхуэхэм щыкъыджэр ныбжьыщІэхэр икІи ар Іуэхугъуэшхуэ гугъэм зэпымыууэ идопх. Иджырей ди зэІущІэр ирихьэлІащ КъБР-м и Парламентымрэ УФ-м и Конституцэмрэ илъэс 25-рэ щрикъум, - жиІащ Егоровэ Татьянэ. - Нобэ къыщыщІэдзауэ жэуапlиныгъэ ин фи пщэ къыдохуэ, фи щхьэкІи, фи Іыхьлыхэми, Хэкуми епхауэ. 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м КъБР-м и Парламентым и япэ хэхьныгъэхэр екІуэкІащ. Абы лъандэрэ республикэм и зыужьынымгъэм ехьэлІа сыт хуэдэ Іуэхуми ар иолъэж. Гъуэгу тынш къыззэпысрчыну, ехьулІэныгъэ зыІэрыгъэхьэну си гуапэщ, апхуэдэуи сынывохьэхъу зывыжьыну, къэралыр евгъэфІэкІуэну.

Бечелов Ильяс жиІащ евдакІуэхэм я мызакъуэу, адэ-анэхэми я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхум ахэр зэрыхэтыр. «Фи дежкІэ иджыпсту нэхъ жэуапlиныгъэшхуэу къэувыр федэжэныр, фи щІэныгъэм хэвгъэхьуэнырщ. КъэкІуэнур зэпытар фэращи, евгъэфІакІуэ, Урысейм и цІыхуу фызэрыщытым фрипагэ, абы хуэфащэн хуэдэу зывужь», - къихигъэщащ къэпсэлъэн.

УФ-м и Конституцэм и мыхьэнэм щІалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ **Нэхущ Заурбий**.

КъБР-м и Парламентым и лэжьакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ КъБР-м и МВД-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ, полицэм и полковник Къэрэнашэ Аслъэн сыт щІыгъуи къаззэрыдэІэпыкъым папщІэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Тхылъ Нэхъыщхьэ

Урысей Федерацэм и хабзэ нэхъыщхьэр - Конституцэр - къыззэращтэрэ мы гъэм илъэс 25-рэ ирокъу. 1993 гъэм а махуэм щыхуэбэ Іэтатіэ кащтауэ щытащ Урысей Федерацэм и Конституцэр. Араш Урысейм и хабзэ нэхъыщхьэри, законхэм ІыбжькІэ яхуэхъури.

КОНСТИТУЦЭР къыззэращтэрэ зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ халъхьащ, абыхэм ящыщщ УФ-м и Президентыр илъэсих пІалъэкІэ зэрыхахыр (нэхъапэм илъэси 4-у щытащ), Къэрал Думэм хахэр илъэситхукІэ зэрылажьэр (ари илъэси 4-у щытащ).

Конституцэр демократие ухуэкІэ зиІэ къэралыгъуэм и щІэгъэкъуэн лъэщщ. Дэтхэнэ цІыхуми ищІапхъэщ абы къурит хуитынныгъэхэмрэ пщэрылъ къыщищІэхэмрэ. Тхылъ Нэхъыщхьэм и 15-нэ статьям къыщыхьащ Конституцэм юридическэ къару лъэщ зэриІэр, абы къиГъэув хабзэхэр Урысейм и дзнэ щІыпІи зэрыщыгъэкІуэр. Абы къигъэнагъуэр УФ-м къыщащтэ хабзэхэмрэ уафэхэмрэ жыпхъэ убзыхуам зэрытетын хуейм и закъуэкъым, атІэ къэралыкъыщІапІэхэр, щІыпІэ самоуправленэхэр, къулыкъущІэхэр, цІыхухэр сыт и лъэныкъуэкІи Конституцэм и хабзэм тетын зэрыхуейрщ.

Ар ди къэралым и хабзэубзыху ІэнатІэм и купщІэщ жыпІэмэ, ущыуэнукъым. Тхылъым къыщыгъэнагъуэ дэтхэнэ зы хабзэми мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы ипкъ иткІэ ар дэтхэнэ къэралми и щІэныгъэмрэ и зыужьныгъэмрэ я шэсыпІэщ.

Нобэрей Конституцэр Урысей къэралыгъуэм и демократие зыужьныгъэм и купкъщ. Ар пщэрылъхэм я деклараці къудейуэ зэхэлъкъым, атІэ лэжьыгъэр зыгъэхуатэ тхылъщ.

Конституцэр ищІэн хуейщ дэтхэнэ цІыхуми, абы и хабзэхэм утетмэщ, цивилизацэр щытепщэ гъащІэр щыпхузэтеІыгъэнур.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

ЦІыхухэм я хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Зумакулов Борис Май, Шэджэм районхэм зэІущІэхэр щрегъэкІуэкІ

Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэмрэ ЦІыхухэм я хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм щыІэмрэ я унафэкІэ дыгъэгъазэм и 1-10-хэм къриубыдэу еджапІэхэм щрагъэкІуэкІащ цІыхум и хуитныгъэхэм ятеухуа дерсхэр. Ахэр хуагъэпсащ Урысей Федерацэм и Конституцэм къызэращтэрэ илъэс 25-рэ, ООН-м ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ и декларацэр къызэращтэрэ илъэс 70 зэрырикъум.

ЦІЫХУМ и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Зумакулов Б. М., КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Маслов Н. А., Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ Литовко Н. Н. сымэ дыгъэгъазэм и 6-м Май муниципальнэ районым щІыпІэ щаІущащ икІи цІыхум и хуитныгъэхэм ятеухуа дерс Майскэ къалэм дэт гимназие №1-м щрагъэкІуэкІащ.

Дыгъэгъазэм и 10-м Шэджэм муниципальнэ районым щІыпІэм щаІущащ икІи Шэджэм къалэм дэт курыт еджапІэ №1-м цІыхум и хуитныгъэхэм ятеухуа дерс щрагъэкІуэкІащ. ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэм и аппаратым и лэжьакІуэхэу Таукенов М. Хь., Кіумыхьу Б. М. сымэ. Абы щыгъуэ цІыхухэм къаІэта тхьэусыхафэхэмрэ лъэпхэмрэ Уполномоченнэр езыр и щхьэкІэ хэпІэнущ.

Школхэм щрагъэкІуэкІа дерсхэм хиубыдэу еджакІуэхэр щыгъуазэ ящІащ къэралым и джэкІэ УФ-м и Конституцэм иІэ мыхьэнэм, Урысей Федерацэм демократие зэхъуэкІныныгъэхэр зэрыщекІуэкІым, цІыхум и хуитныгъэхэмрэ щхьэхуитныгъэхэмрэ хъумэным мыхьэнэшхуэ зэриІэм.

ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэм и Аппаратым и пресс-Іуэхущ1анІэ.

«Дыжьныгъуэ волонтёрхэр» щІыналъэ центр къызэрагъэпэщ

«Доброволецэм я ресурс центр» программэр гъэзэщІэным хиубыдэу дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм Іэ щыщІадзащ республикэм и Правительствэм, Урысейм и Волонтер центрхэм я ассоциацэм, доброволецэм я зэпІэхъеенныгъэр КъБР-м щыдэІыгъэныкІэ щІыналъэ ресурс центрым зэращІилІа зэгурыІуэныгъэм.

ХЬЭЩІЭХЭМ фІэхъус псалъэхэмкІэ захуигъаззри, республикэм и премьер-министр Мусуков Алий къыхигъэщхьэхукІащ волонтёр зэщІэхъееныгъэм зегъэужьныр Къэбэрдей-Балъкъэрым властымкІэ и органхэм я къалэн пэрытхэм ящыщу къызэральытэр: «Нобэ волонтёрхэр нэхъ хуэнэхъуэхэм ядоІэпыкъу, социальнэ Іуэху нэхъ гугъуэхэр дзгъэкІыным куэд хащІыхь икІи абыхэм я жэрдэмыр дэ дяпэкІи ядэтІыгъынущ».

Урысейм и Волонтёр центрхэм я ассоциацэм и советым и тхьэмадэ Метелев Артём къыгъэльэгъащІ Іэ зытрадза зэгурыІуэныгъэр доброволецхэм я лэжьыгъэр дзгъэкІынымкІэ зыхъуэфащэ хэкІыпІэхэр ди щІыналъэм хьыщІэзгъэпэщынущ, социальнэ проектхэр зэрызэхалъхьэм сабийжэр хуедгъэджэнущ. Апхуэдэ лэжьыгъэ дыдэ ядегъэкІуэкІынущ зи ныбжьыр илъэс 55-м щІигъуэжэм ящыщу жылагъуэ Іуэхуэхэм жыджэру хэтхэми. Апхуэдэу ди мурадщ «Дыжьныгъуэ волонтёрхэр» щІыналъэ центр республикэм къыщызэІутхыну. Къэралым щыІэ апхуэдэ центр псори дэ ахъшэкІэ къызыдогъэпэщ грантхэм я къэкІэ.

Апхуэдэу ассоциацэм и тхьэмадэм жиІащ «Урысейм и доброволец-2018» урысейпсо зэпеуэм ягъэхьа проект мин 16-м псори зэхэту проект 76-рэ къызэрыхахащ. Абыхэм яхэхущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ КъуэщІысокъуэ Заря и проектри.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 25-рэ зэрырикъум теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр и - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъумкІэ сынывохьэхъу.

Парламентым 1993 гъэм хаха и япэ зэхуэсыгъуэм зэхъуэкІыныгъэхэм я лъэхъэнэ гугъум къыпхуэмылытэным хуэдиз Іуэху хищІыхьащ цІыхубэм я властыр зэтегъэувэныр абы зегъэужьынымрэ, республикэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным, ди цІыхубэр зэкъуэгъуэвэным. Абы и лэжьэкІэм дэ законхэр гъэхьэзырыным къыдэкІуэу, цІыхубэм я сэбэп зыхэлъхэр хъуэным, ди цІыхуэр махуэ кьэс зыхуейкъэм ятелжьэным дыхуигъэсащ.

Иджыпсту шэч лъэпкъ къытедмыхьэжу жытІэ хъунущ ипэжыпІэкІэ тэмэму лажьэ, урысей, дунейпсо фІыгъуэхэмрэ хабзэхэмрэ зи лъабжьэ законодательнэ орган нэс Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыздэтеувар. Парламентым къалэныщхуэ егъэзащІэ Республикэм къыпхущІ Іуэху псори дзгъэкІыныкІэ. Блэкіа илъэсхэм ди парламентрэм куэд ялэжьащ закон купщІафІэхэр гъэхьэзырыныкІэ. Гъэ кьэс депутатхэм я зэфІэкІымрэ жэуапlиныгъэмрэ, апхуэдэу абыхэм кьащтэ законхэм я фІагъым хохуэ.

Парламентым и депутатхэм фІыщІэ яхуэощІ тэмэму къыззырыддэлажьэм, ди цІыхубэм я гъащІэм пыщІа Іуэху нэхъыщхьэхэм егупсысауэ зэрыбгъэдыхьэм папщІэ.

Шэч къытесхьэркъым, дыззыщІыгъуу дыздэлажьэуэрэ, дэ сыт хуэдэ гугъуехьэри къызэрызэдэнэкІынум, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкІуэн дахэ, абы и цІыхуэхэм мамырыгъэрэ ефІэкІуэныгъэр кьаззэрыхуэзгъэпэщынум.

Ди индекс: 51531

Зэманым декІуу мэпсэу

● Тэрч щІыналъэ

Тэрч щІыналъэм хиубыдэ Интернационалнэ жылагъуэм и унафэщІхэр хущІокъу я щыхуэкІэр зэІуэпэщу, къабзагъэ мардэхэм тету зэрагъэпсэуным.

ГЪАТХЭ пасэм щыщІэдзауэ уэс кьесыгъуэм нэблагъэхэу кьуажэдэсхэми мехбригадэм хэтхэми зэгъуэсу гъуэгубгъуэр, лъэс зекІуапІэхэр, фэепль щыпІэхэм я Іэгъуэблагъэр зыхуэкІ хуагъаззэ, удзыр и чэзум кьах. Апхуэдэу кьуажэм илъэсу 10-м нэскІэ кІэрыхубжьэрыху зэхуэхьэсыпІэу иІа щІыпІэр ирагъэкъэбзыкІыри щІыр зэтес ящІыжащ. Абы къыщыззэщІакъуэ тонни 140-р Тэрч къалэм и Іэхэлъахэхэм хабзэм тету къыщагъэсэбэп пхъэнкІий зэхуэхьэсыпІэм ящащ. Мы гъэм щыІа уэлбанэщхуэхэм Интернационалнэми къыпахыхьакъым: жыг куэд ирищІыкІат, унэхэм зэранышхуэ яхуэхъуат. Ахэр проти зыхуей хуагъаззэжащ. Къуажэ администрацэм и хьурегъакІэ жыгей, уэздыгъей, пхъэчей, мэз кьуэжьыжр, кьуажэдыхьэпІэмрэ парк ящІмухуэр щыхасащ. Жылэр сыт щыгъуи кьабзэу щытыныжкІэ сэбэпышуэ кьахуохьу Тэрч кьалэм «Щэнхабзэмкіэ и парк» Іуэхущіапіэр.

КІЭМПІАР Галинэ.

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми ильын хуейщ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджжыкІакІуэхэ!

ФокІадзэм и 1-м щІидзауэ КъБР-м ПощтэмпщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыхфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъадзэным техуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзкІэ къыщыдэкІыр. ДызэригугъэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщІэгъуэн куэд кьивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкІыгъуэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуэзджэ, спорт хъыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, нэгъуэщІ куэди.

Газетым Іэ щытевдзэ хъунущ КъБР-м и пощт Іуэхущіапіэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапІщІэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кІэлІейкІэ 78-рэ хъуэу араш.

Ди индекс: 51531

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

НОБЭ

♦**Бгыхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Танго къэфэкІэм и дунейпсо махуэщ**

♦**1802 гъэм** император Александр Езанэм унафэ къыдигъэкІащ зэпымыууэ лэжьэну мафІэсгъэункІыфІ Іуэхущіапіэ Санкт-Петербург къыщыдзэгъэпащынным техуауэ. Абы лэжьэн щІидзащ 1803 гъэм и ГъатхэМ.

♦**1815 гъэм** Петербург дэт Берже заводым япэ урыс кхъухьыр щащІащ.

♦**1946 гъэм** ООН-м Сабийжэм защІэгъэкъуэныкІэ фонд къыззэригъэпэщащ.

♦**1956 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ.

♦**2008 гъэм**, Солженицын Александр къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлІэу, къызэІуахащ абы и гъащІэм и кьеІуэкІыкІам, и творчествэм, урысей, дунейпсо тхыдэм щІыныгъэ увыпІэм техуэ сайт. Ар зи жэрдэмыр тхагъэкІуэм и щхьэгъусэ Солженицынэ Натальет.

♦Нэмыцэ бактериолог цІэрыІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Кох Роберт** къызэралъхурэ илъэси 175-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, публицист **Плеханов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 162-рэ ирокъу.

♦Франджы актёр, тхакІуэ, сурэтыщІ, скульптор **Марэ Жан** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Солженицын Александр** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЩхьэгъэушШотІэ** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Совет теннисист, актёр, спорт комментатор цІэрыІуэу щыта, УФ-м и цІыхубэ артист **Озеров Николай** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Светин Михаил** (и цІэ дыдэр Голыцман Михаилщ) къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Абей Виктор** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Совет музыкант, уэрэджьІакІуэ, «Машина времени» гуп цІэрыІуэр къызэзыгъэпэщащ.

♦**1956 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ.

♦**2008 гъэм**, Солженицын Александр къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлІэу, къызэІуахащ абы и гъащІэм и кьеІуэкІыкІам, и творчествэм, урысей, дунейпсо тхыдэм щІыныгъэ увыпІэм техуэ сайт. Ар зи жэрдэмыр тхагъэкІуэм и щхьэгъусэ Солженицынэ Натальет.

♦Нэмыцэ бактериолог цІэрыІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Кох Роберт** къызэралъхурэ илъэси 175-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, публицист **Плеханов Георгий** къызэралъхурэ илъэси 162-рэ ирокъу.

♦Франджы актёр, тхакІуэ, сурэтыщІ, скульптор **Марэ Жан** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Солженицын Александр** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЩхьэгъэушШотІэ** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Совет теннисист, актёр, спорт комментатор цІэрыІуэу щыта, УФ-м и цІыхубэ артист **Озеров Николай** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Светин Михаил** (и цІэ дыдэр Голыцман Михаилщ) къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ **Абей Виктор** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Совет музыкант, уэрэджьІакІуэ, «Машина времени» гуп цІэрыІуэр къызэзыгъэпэщащ.

♦**1956 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ.

♦**Макаревич Андрей** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Сэкрэк Владимир** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦«Кабардинка» академическэ къэрал ансамблым и кьэфакІуэ пажэу щыта, КъБР-м и цІыхубэ артисткэ **Егъэн (Багъэтыр) Мадинэ** къыщалъхуа мазхуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым градус 1 - 3 щыхъунущ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Акъыл зиІэм жагъуэгъу и куэдщ.

Дунейпсо зэхыхьэшхуэм хэтащ цIыху 1000-м нэблагъэ

● Грознэ къалэ

Ди газетым зэрытетащи, дыгъэгъазэм и 5 - 6-хэм Грознэ къалэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм, пресс-IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм, блогерхэм, къэпщытакIуэ гупхэм я VI дунейпсо зэхыхьэшхуэр. КИФЩI-м и хэгъэгухэм къыдэкIуэу, абы мы гъэм япэу хэтащ Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэхэм, хамэ къэралхэм я лIыкIуэхэр. ЦIыху 1000-м нэблагъэ зэхуэзышэса зи чэзу зэхыхьэр траухуащ Грознэ къалэр къызэрыунэхурэ илъэс 200 зэрырикъум. Ар къызэригъэпэщащ Жылагъуэм я жэрдэмхэмкIэ «Кавказ Ищхъэрэ» щIыналъэ зэхуаку центрымрэ КИФЩI-м и ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я ассоциацэмрэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратыр, Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэмрэ и Правительствэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу.

ЗЭIУЩIЭР къыхэзылъхьахэм я къалэн нэхъыщхьэр журналистхэр, блогерхэр, жылагъуэм пыщIэныгъэ хузиIэ IэщIагъэлIхэр, къулыкъущIэхэр зэрыгъэцIыхунырщ, нэхъ жыджэру зэдагъэлэжьэнырщ, я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ зэфIэкIхэмкIэ зэгъэхъуэжэнырщ, абыхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм зрагъэужьынырщ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я Iуэху зэIумыбзхэм тегъэпсэлъыхьынырщ, ахэр гъэзэкIуэжа зэрыхъуным ятеухуа Iэмалхэр къагъэлъэгъуэнырщ, проект нэхъ гъэщIэгъуэнхэр утыку кърахьэну Iэмал етынырщ.

2013 гъэм и щэкIуэгъуэм Псыхуабэ къалэм и «Интурист» хьэщIэщым япэу щрагъэжьа КИФЩI-м и журналистхэм я зэхуэсышхуэр зэрырагъэфIакIуэм и щыхьэтщ зэIущIэм хэтахэм абы и программэр гъэм къэс нэхъри щIэщыгъуэ зэращыхъур. Иджы япэу ирагъэкIуэкIащ «Дни PR на Кавказе» зэхыхьэр. Журналист IэщIагъэм и щэхухэм фIыуэ щыгъуазэ эксперт цIэрыIуэхэм мастер-классхэмрэ пшыхь щIэщыгъуэхэмрэ ирагъэкIуэкIащ. «Медиа Ночь» Iуэхум и фIыгъэкIэ, зэхуэсыр зэрыщыIа жэщитI-махуитIми Вконтакте, Одноклассники социальнэ сайтхэмкIэ эфир занщIэкIэ къатащ. Iуэхум хыхьэу екIуу къызэрагъэпэщащ сурэтхэр щызытрагъэх плIанэпэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Хабзэ хъуауэ зэхыхьэм щIыналъэхэм я выставкэхэр щызэхаублэ. Абы щагъэлъэгъуащ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм къыдагъэкI газетхэр, журналхэр, тхылъхэр, ягъэхьэзыр нэтынхэр, фильмхэр. Я ехъулIэныгъэхэм ухэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэхэр, хэгъэгухэм я зыгъэпсэхупIэхэр, щIыпIэ дахэхэр, Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуа репортажхэр къатащ нэтынхэр къэзыгъэлъагъуэ ягъэIэпхъуэ телевизионнэ станцым и эфир занщIэмкIэ. Апхуэдэу щIыналъэ къэс щхьэхуэу тепсэлъыхьащ я СМИ нэхъыщхьэхэм я зыужьыныгъэхэм. Куэдым щIэщыгъуэ ящыхъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и выставкэм щагъэува «ХьэщIэщыр», сенсор стIолыр.

Дыгъэгъазэм и 5-м зэхыхьэр къызэIуахащ «СМИ и цифровая грамотность» сессиемкIэ. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хъыбарегъащIэ зэгухьэныгъэхэм, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмрэ цIыхубэ коммуникацэхэмрэ зегъэужьынымкIэ и комиссэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ, журналист **Малькевич Александр**. «Постскриптум» хъыбарегъащIэ-аналитикэ программэм и корреспондент **Перевезенцев Роман** зауэ щекIуэкI щIыпIэ шынагъуэхэм журналистхэр щылэжьэну къащыхуихуэкIэ хэлъ щхьэхуэныгъэхэм триухуа и зэхыхьэр журналистхэмрэ блогерхэмрэ я дежкIэ щхьэпэт. Апхуэдэу щIэщыгъуэт бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэмкIэ «Ruptly» видеоагентствэм и унафэщI **Кешишев Дмитрий**, «Мегафон» ПАО-м интеграцэ проектхэм зегъэужьынымкIэ Кавказым щиIэ къудамэм и унафэщI **Киселёв Иван**, журналист, «МатчТВ» федеральнэ спорт телеканалым и генеральнэ продюсер **Канделаки Тинэ**, журналист икIи жылагъуэ лэжьакIуэ **Лянге Маргаритэ**, «На боевом посту» журналым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, Урысей гвардием киностудиемкIэ и къудамэм и унафэщI **Болтиков Виктор**, Шэшэн Республикэм лъэпкъ политикэмкIэ, щIыналъэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ, печатымрэ хъыбарегъащIэ Iуэхухэмрэ и министр **Умаров Джамбулэт**, КИФЩI-м и СМИ-хэм я ассоциацэм и правленэм и унафэщI **Баканов Вадим**, «Россия 24» телеканалым и корреспондент **Щугорев Дмитрий**, TASS.RU сайтым и редакторхэу **Донинэ Дарьерэ Грибовская Илонэрэ**, «Пресс-служба» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Асланов Тимур** сымэ, нэгъуэщIхэми ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэр. Журналистхэр зыщIэупщIэхэм абыхэм жэуапхэр иратащ.

Дыгъэгъазэм и 6-м журналистхэм я зэхуэсышхуэм хьэщIэ лъапIэхэр къахуеблэгъащ. Апхуэдэхэщ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ **Матовников Александр**, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министр **Чеботарёв Сергей**, КИФЩI-м и щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри. Гъэлъэгъуэныгъэхэм зыщаплъыхьа нэужь, хьэщIэхэр хэтащ Щугорев Дмитрий иригъэкIуэкIа «Цифровые медиа: новая реальность и перспективы развития» пленар зэIущIэ нэхъыщхьэм.

Зэхыхьэм хэтхэм фIэхъус гуапэ яриха нэужь, Шэшэн Республикэм и Iэтащхьэ **Кадыров Рамзан** фIыщIэ ищIащ зэхуэсыр я щIыналъэм щрагъэкIуэкIыну Iэмал къызэрыратам папщIэ. Абы хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я псалъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр ягу къигъэкIыжащ икIи журналистхэр къыхуриджащ цIыхубэм я деж хъыбар пэжхэр сыт щыгъуи зэрынахьэсыным хущIэкъуну.

Кадыровым зэIущIэм хэтхэм гу лъаригъэтэжащ я республикэм зауэ щекIуэкIа лъэхъэнэм хъыбар нэпцIхэр зэбгрезыгъэха журналист куэд зэрыщыIам.

- Ди щIыналъэм Конституцэ хабзэр щыдгъэуву щIыпIэ шынагъуэншэ къыщызэдгъэпэща нэужьи, ди республикэм теухуа хъыбар мыхъумыщIэхэр «къезыхьэкIхэр» къыкъуэкIырт. Абы къыхэкIыу цIыхухэм журналистхэм хуаIэ дзыхьымрэ пщIэмрэ куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуат. А Iуэху зэIумыбзыр дгъэзэкIуэжыным къаруушхуэ етхьэлIащ. Ди щIыналъэр едгъэфIакIуэ, къат куэду зэтет унэхэр, гъуэгухэр, нэгузыужь IуэхущIапIэхэр дыухуэ пэтми, Шэшэным теухуауэ хъыбар нэпцIхэр зытх журналистхэр иджыри щыIэщ, ауэ, нэхъыбэу къызэрыттепсэлъыхьыр фIы и лъэныкъуэкIэщ, - жиIащ Кадыровым. - Гукъыдэж зиIэ дэтхэнэм и дежкIи ди республикэр зэIухащ. Журналистхэм ехъулIэныгъэ, зэфIэкI фиIэну сынывохъуэхъу!

Пленар зэIущIэм къыщыпсэлъащ КИФЩI-м и хэгъэгухэм я Iэтащхьэхэр, Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир, Канделаки Тинэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Канделаки Тинэ кIэщIу къытеувыIащ Шэшэн Республикэр къызэрыщыхъуам, Шэшэн къэрал университетым и студентхэм зэраIущIам, КИФЩI-м и хэгъэгухэм я журналистхэм зэфIэкI зэраIэм.

- Гугъуехьхэм зэрыпэлъэщыфымкIэ, Iуэху зэIумыбзхэр зэригъэзэкIуэжыфымкIэ Кадыров Рамзан щапхъэщ икIи пщIэ хуэфащэщ. Апхуэдэ цIыхухэр зэрызгъэныбжьэгъум срогушхуэ, - жиIащ Канделаки. - ХъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр иужьрей илъэсхэм бжыгъэр зи лъабжьэ Iэмалым зэрыхуэкIуар, Интернетыр япэ зэрищар нэрылъагъущ. Журналистхэм я тхыгъэхэм къыщыхьа хъыбархэм я пэжагъыр зэхагъэкIыху, блогерхэм я тхыгъэхэр Интернетым псынщIэу зэрыщызэбграгъэхым къыхэкIыу япэ зэрищыр, дауи, журналистхэм зэран къытхуохъу.

Къызэхуэсахэм упщIэхэмкIэ зыхуагъэзащ пленар зэIущIэм къыщыпсэлъахэм. Къэбгъэлъагъуэмэ, абыхэм яфIэгъэщIэгъуэнт Кадыровым Instagramm, Facebook социальнэ сайтхэм щиIэ напэкIуэцIхэр зэрызэхуэщIам папщIэ абыхэм я унафэщIхэр судым иритынрэ иримытынрэ. Кадыровым жэуап щитым къыхигъэщащ а сайтхэм зэрыхуэмыныкъуэр.

Матовников Александр Кадыров Рамзан фIыщIэ хуищIащ зэхыхьэшхуэр пIалъэ кIэщIым къриубыдэу ныкъусаныгъэншэу къызэрагъэпэщыныр къазэрехъулIам, бысымхэм хьэщIагъэ инрэ пщIэрэ зэрадилъэгъуам папщIэ. Абы и гуапэу къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэр иджы Урысейм и щIыналъэ нэхъ мамырхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр, нэхъапэхэм хуэдэу, террор шынагъуэ иджы зэрыщыщымыIэжыр.

- Кавказ Ищхъэрэм мамырыгъэр щызэтедублащ, бзаджащIэхэр зэрыдгъэкIуэдам, абыхэм я мурад фIейхэр къызэрызэпыдудам и фIыгъэкIэ. Пэжщ, бгыхэм иджыри щIэпхъаджащIэ закъуэтIакъуэхэр исщ, ауэ а зырызхэм апхуэдэу хьэгъэщагъэ шынагъуэ яхузехьэнукъым. Кавказыр иджы зэрымамыр щIыналъэрщ нэхъыщхьэр, - къыхигъэщащ Матовников Александр.

Чеботарёв Сергей журналистхэм чэнджэщхэр яритащ я лэжьыгъэм хъыбар гуапэхэм нэхъ щытрагъэщIэну, щIыналъэхэм къыщыхъу гузэвэгъуэхэр «ямыгъэвууэ» нэхъ телъэщIауэ тепсэлъыхьыну, щыуагъэхэм, хъыбарыпцIхэм хуэсакъыну.

- Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыхухэр, жылагъуэр нэхъ дэзыхьэххэр фи лэжьыгъэм къыщывгъэлъэгъуэныр. Апхуэдэу щыхъукIэ дыздэвгъэлажьэ, хъыбар гуапэ нэхъыбэ дывгъэгъэIу. Аращ дызыхуэныкъуэр. IуэхуфIхэр ди куэдщ, гу лъыдмытэми. Кавказ Ищхъэрэр и пэкIэ зэрыкIуатэр, абы зэрызиужьыр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къыщыгъэлъэгъуэн, цIыхухэм я гур хэзыгъахъуэхэм хуэфащэ гулъытэ яхуэщIын хуейщ, - жиIащ абы.

- Быдэу си фIэщ мэхъу мы зэхыхьэшхуэм журналист IэщIагъэм и пщIэм, щIэупщIэм зэрыхигъэхъуэнур, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм пэрытхэм я зэфIэкIым зэрыхигъэхъуэнур, - жиIащ Шэшэн Республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Исмаилов Ильяс**.

Зэхыхьэхэм щытепсэлъыхьащ Урысейм, дуней псом СМИ-м щиIэ Iуэху зэIумыбзхэм, щхьэпэхэм. Апхуэдэт хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр цIыхухэр дахьэхыу, гъэщIэгъуэну, купщIэ иIэу, зэманми декIуу, еплъыгъуафIэу, еджэгъуафIэу къызэрагъэпэщын папщIэ дуней псом щызекIуэ иджырей Iэмалхэр къэгъэсэбэпыныр, лъэпкъ прессэм зегъэужьыныр, щIыналъэ, федеральнэ журналистхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныр, Кавказ Ищхъэрэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэфIхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэухэм я деж нэхьэсыныр. КъищынэмыщIауэ, нэхъыщхьэу зэIущIэхэм зи гугъу щащIахэм ящыщщ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм гъащIэм щаIэ мыхьэнэр, журналистхэм я псалъэм и къарумрэ абыхэм къалъыс жэуаплыныгъэмрэ.

«Медиа-Кавказ-2018» зэпеуэм мы гъэм журналистхэм лэжьыгъэ 800-м нэблагъэ ягъэхьащ. Зэхьэзэхуэм и саугъэтыр зыхуагъэфэщахэр кIэух пшыхьым щагъэлъэпIащ. КъБР-м икIауэ зи проектхэр нэхъыфIу къалъыта ди лэжьэгъухэм ящыщщ телевиденэм и журналист Битокъу Нелли, радиом и журналист КIэбышэ Эльмирэ, «Солнышко» журналым и редактор нэхъыщхьэ Щомахуэ Дарье, журналист Лубан Олег, сурэттех Ефремов Вадим сымэ.

Зэхуэсым хэтахэм Грознэ къалэм и щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхьащ. Дыгъэгъазэм и 6-м «София» хьэщIэщым зэхыхьэр щызэхуащIыжым къыхагъэщащ къыкIэлъыкIуэ VII зи чэзу зэхуэсышхуэр етIанэгъэ Дагъыстэн Республикэм щрагъэкIуэкIыну зэраубзыхуар. 2013 гъэм Iуэхур зэрырагъажьэрэ щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ куэд зэрыщызэрыцIыхуам, ныбжьэгъу зэрыщызэрыгъэхъуам и фIыгъэкIэ абы и щIэупщIэмрэ мыхьэнэмрэ нэхъри зэрыхэхъуар. Псом хуэмыдэу щIэхэм нэхъ тегушхуэ щIалэгъуалэм я зэфIэкIхэм хагъэхъуэнымкIэ, ахэр зэхъуэжэнымкIэ апхуэдэ зэIущIэхэм я мыхьэнэр къэлъытэгъуейщ. КИФЩI-м и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэм я VI дунейпсо зэхыхьэ нэхъыщхьэр гукъинэжу екIуэкIащ икIи ар зэныбжьэгъугъэм, зэгурыIуэныгъэм и махуэшхуэ хъуащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Холлаевэ Марзият** *трихащ.*

● Жылагъуэ палатэ

Сыт Берд Хьэзрэталий къыхигъэщхьэхукIар?

Республикэм и Жылагъуэ палатэм и ещанэ хэхыгъуэм, 2015 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытам, зэфIигъэкIахэр къапщытэжащ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталийрэ палатэм и ЩIалэгъуалэ советым и унафэщI Шэджэмокъуэ Оксанэрэ тепсэлъыхьыжащ иужьрей илъэсищым екIуэкIа лэжьыгъэхэм.

БЕРД Хьэзрэталий къигъэлъэгъуащ Жылагъуэ палатэм и гулъытэр цIыху гуп зэмылIэужьыгъуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ етыным пыщIа Iуэхухэм, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыным, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным, туризмэм, санаторэ, курорт IуэхущIапIэхэм зегъэужьыным, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я IуэхущIапIэхэр тэмэму зэдэлэжьэным, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэр къагъэщIэрэщIэжыным, унагъуэхэм, анэхэм, сабийхэм защIэгъэкъуэным, фадэмрэ наркотикхэмрэ цIыхухэр емыгъэтхьэкъуным хуэунэтIауэ зэрыщытар. Апхуэдэу гулъытэншэу къэнакъым псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щыIэ гугъуехьхэр, бизнесым и IуэхущIапIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ зегъэужьыныр, щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэныр, сабийхэр зэрырагъаджэр, ахэр тхылъхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщыр, рабочэ IэщIагъэхэм я пщIэр къэIэтыжыныр, республикэм и школхэм щылэжьэну егъэджакIуэхэр зэрагъэхьэзырыр.

- Иджыпстуи мыхьэнэшхуэ яIэщ жылагъуэ къэпщытэныгъэмкIэ къалэнхэр дэгъэкIыным. А Iуэхур къызэрагъэпэщ жылагъуэ экспертизэхэр, жылагъуэ къэпщытэныгъэхэр, жылагъуэ зэхуэсхэр егъэкIуэкIыныр и лъабжьэу, - къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм. - Граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ къалэнхэм къагъэув къэралыр зехьэным цIыхухэр зэрыхэтым нэхъри зегъэубгъун хуейуэ. Къащтэ унафэхэр абыхэм я зэфIэкIым зэрелъытам къегъэлъагъуэ жылагъуэ зыужьыныгъэр здынэсар. Властым и органхэм къащтэ унафэхэр зыхуэдэр куэдкIэ елъытащ законхэм, адрей хабзэ мардэхэм я проектхэм я жылагъуэ экспертизэ зэрырагъэкIуэкIым.

Берд Хьэзрэталий къыхигъэщхьэхукIащ жылагъуэ экспертизэхэр тэмэму езыгъэкIуэкIыфын эксперт зэгухьэныгъэхэр зэтегъэувэным дяпэкIи егугъун зэрыхуейр.

Жылагъуэ палатэм и ещанэ хэхыгъуэр зэрылэжьа зэманым къриубыдэу ар КъБР-м и законхэм я проекту 184-м хэплъащ. ИкIи абыхэм ящыщу 12-м хуащI дагъуэхэмрэ къыхалъхьапхъэу къалъытэ зэхъуэкIыныгъэхэмрэ ягъэхьэзыращ. Апхуэдэу федеральнэ законхэм я проектхэм ехьэлIауэ экспертхэм тхыгъэ 57-рэ ягъэхьэзыращ икIи ахэр УФ-м и Жылагъуэ палатэм хуагъэхьащ. Апхуэдэу законхэр гъэхьэзырынымкIэ жэрдэм къиIэтыну бгъэдэлъ хуитыныгъэм ипкъ иткIэ палатэм КъБР-м и Парламентым къыщыхилъхьащ республикэм и закону щым я проектхэр.

«Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным и IуэхукIэ» Федеральнэ законым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хуитыныгъэ игъуэтащ Президентыр хэхынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ хэхакIуэ комиссэхэм езым и кIэлъыплъакIуэхэр игъэкIуэну. А щIыкIэм тету КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и кIэлъыплъакIуэу 640-рэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм и кIэлъыплъакIуэу 67-рэ ди щIыналъэм щылэжьащ. Хэхыныгъэр щрагъэкIуэкI махуэм КъБР-м и хэхыпIэ участкэу 354-м жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэ щрагъэкIуэкIащ цIыху 707-м. Абыхэм я нэхъыбэр къыхахащ хэхыныгъэ Iуэхухэм нэхъ щыгъуазэхэм ящыщу. Налшык къалэм щыIа кIэлъыплъакIуэхэм я Iыхьэ щанэр япэкIэ хэхыныгъэ Iуэхухэм хэмыта щIалэгъуалэт.

Жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэр псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм щегъэкIуэкIыныр нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм ящыщщ, сыту жыпIэмэ мы IэнатIэм хуэгъэза тхьэусыхафэхэр куэд мэхъу.

- ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр зыхэт гугъуехьхэр иджыпсту цIыхухэм нэхъ хэхауэ йоуалIэ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм нэгъабэ къагъэхьа тхьэусыхафэхэм ящыщ куэдыр (процент 28,5-р) зытеухуар жылагъуэхэр зэIузэпэщ щIынырщ, псэупIэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэнырщ, кIэрыхубжьэрыхухэр и зэманым дэшынырщ, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зэрагъэувыр гъэтэмэмынырщ, фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ компаниехэм я лэжьэкIэр къэпщытэнырщ, гъуэгухэр зэгъэпэщыжынырщ. Псом хуэмыдэу куэд егъэтхьэусыхэ газымрэ электрокъарумкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм я лэжьэкIэм. Бахъсэн къалэм Ленинымрэ и уэрамым тет унэхэу №26-мрэ №28-мрэ щыпсэухэм я тхьэусыхафэхэр къыщапщытэм нэрылъагъу къэхъуащ а унэхэм щагъэкIуэд электрокъарум и уасэр хуэдэ зыбжанэкIэ гъэбэгъуауэ цIыхухэм къызэрыIахыр. А унэхэм я япэ къатхэм тедзапIэхэр щаIэщ Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэзыгъэкI предприятэу 16-м икIи ахэр псори а унэм екIуалIэ электрокъарур къэзыбж Iэмэпсымэм пыщIащ. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэм ящыщу къэпщытэныгъэр езыгъэкIуэкIахэм къыщIагъэщар мытэмэму энергиекIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэм къыхущIегъэдзакъым, - жиIащ Берд Хьэзрэталий. - Iуэхум егъэщIылIа IэнатIэхэр, абыхэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри яхэту, тэмэму зэдэмылажьэмэ, апхуэдэ лъэпощхьэпохэр тыншу пхуэгъэкIуэдынукъым.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щекIуэкIа зэIущIэм и кIэухым а палатэм хэтхэмрэ аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ ящыщу нэхъ жыджэрагъышхуэ къэзыгъэлъэгъуахэм саугъэтхэр щратащ.

НЭГЪУДЖЭ Линэ.

Къэшэж Къасым Хьэрун и къуэр

И ныбжьыр илъэс 86-нэм иту 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 9-м дунейм ехыжащ шынагъуэншагъэмкIэ органхэм я ветеран, Урысейм шынагъуэншагъэмкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и юрист, юстицэм и подполковник Къэшэж Къасым Хьэрун и къуэр.

Абы и гъащIэ псор хуигъэпсащ Хэкум и сэбэп зыхэлъхэр хъумэным хуэгъэза Iуэху лъапIэм. 1963 гъэм абы ШынагъуэншагъэмкIэ къэрал комитетым и IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щыIэм следствиемкIэ и къудамэм лэжьэн щыщIидзащ икIи а IэнатIэм и унафэщIу щыщыта илъэсхэм Iуэху гугъу куэд зэхигъэкIащ.

Езыр псэуху Къэшэж Къасым шынагъуэншагъэмкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм я чэнджэщэгъуу, ущиякIуэу щытащ икIи шынагъуэншагъэмкIэ органхэм я хабзэ гъуэзэджэхэр хъумэнымкIэ сэбэпышхуэ хъуащ.

Зыпэрыта IэнатIэм къыщихьа ехъулIэныгъэ пыухыкIахэм папщIэ Къэшэж Къ. Хь. Правительствэм, ведомствэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тыгъэ куэд къратащ.

Дунейм ехыжам ди щхьэ худогъэщхъ икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ ящIыгъуу дощыгъуэ.

Ныбжьэгъу гуп.

● Юбилей

Щапхъэ трах

НэхъыжьыфI зиIэ лъэпкъым ар и гъуазэу къекIуэкI зэпытщ. Адыгэхэм щапхъэ зытехыпхъэ куэд диIащ, пщIэшхуэ къэзылэжьа зыбжани нобэ ди жьантIэм дэсщ. Апхуэдэщ КъБР-м и МВД-м, республикэм ЮстицэмкIэ и министерствэм жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ IэнатIэхэр щызыIыгъа, Урысейм и ХъумапIэ банкым и щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэу, абы и директорхэм я советым хэту щыта ГубэщIыкI Владимир. Нобэ ар Дунейпсо Адыгэ Хасэми жыджэру долажьэ, тхьэмадэхэм чэнджэщэгъу яхуохъу, лъэпкъым и Iуэхур дегъэкI.

Сыт хуэдэ Iуэху пэрытами, IэщIагъэлI жанрэ унафэщI Iущу зыкъигъэлъэгъуащ, и лэжьэгъухэмрэ ныбжьэгъухэмрэ я деж хуэфащэ пщIэ къыщихьащ Владимир.

Апхуэдэ псэемыблэж лэжьыгъэм къыпэкIуащ КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр, республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр, УФ-м и МВД-мрэ Урысейм и ХъумапIэ банкымрэ я дамыгъэ бжыгъэншэхэр.

IэщIагъэлI гъуэзэджэ, унагъуэ дахэм и тхьэмадэ, адэ гумащIэ, адэшхуэ Iумахуэ, ныбжьэгъу пэж, цIыху гуапэ ГубэщIыкI Владимир и ныбжьыр пщэдей илъэс 85-рэ ирокъу. Ди нэхъыжьыфIым и махуэ лъапIэмкIэ дохъуэхъу узыншагъэ быдэ, гъащIэ кIыхь иIэну.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ.
Къэбэрдей Адыгэ Хасэ.

Хуэныкъуэщ къуршхэри гулъытэ

● Бгыхэм я махуэ

Бгыхэм я дунейпсо махуэр, дыгъэгъазэм и 11-р, ООН-м 2003 гъэм иригъэкIуэкIа и 57-нэ Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщащтащ. Ауэ абыкIэ жэрдэмыр къыщыхалъхьауэ щытар 1992 гъэм зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм зэхиша конференцырщ, Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ теухуауэ щытарщ.

ДИ ПЛАНЕТЭМ и щIы щхьэфэм и Iыхьэ плIанэр (процент 22-м щIигъур) къуршхэмрэ къуакIэбгыкIэхэмрэ яIыгъщ. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, дунейпсо экономикэм зиужьынымкIэ къуршхэм я мыхьэнэр къыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ. ЩIы Хъурейм тес цIыхухэм ящыщу процент 13-р (мелардым нэблагъэр) бгылъэ щIыпIэхэм исщ. Ахэр абыхэм я дежкIэ икIи я ерыскъы къэкIуапIэщ. Апхуэдэуи къыхэгъэщыпхъэщ, къуршхэр нэгъуэщI щIыпIэ узыщримыхьэлIэ къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я хэгъэгуу, ЩIы Хъурейм щежэх псышхуэхэм я нэхъыбапIэм я къежьапIэу зэрыщытри, цIыхухэр нэхъ дэзыхьэх, туризмэм нэхъ зыщиужь щIыпIэ телъыджэхэм зэрыхалъытэри.

Къыхэдгъэщынщи, Урысей Федерацэм къуршхэмрэ лъагапIэхэмрэ зыщаубгъуащ и щIыналъэхэм ящыщу 43-м.

ГъэщIэгъуэнщ

ЩIы Хъурейм щынэхъ лъагэ дыдэ бгыхэр зыхыхьэр Гималаи къуршхэрщ. Абыхэм километр мини 3-м нэблагъэ я кIыхьагъщ, я бгъуагъыр километр 350-м нызэрохьэс. Къэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэм ахэр апхуэдизу щхьэщыIэтыкIащи, я лъэныкъуэ зырызым дунейм и щытыкIэр щызэхуэдэкъым: ищхъэрэкIэ зыкъыщызэкъуэзых губгъуэшэкракъхэм Сыбыр щIыIэр къынэсми, Индие къэралыгъуэмкIэ гъэза джабэ нэкIуэр зыхуэкIуэж тIуащIэ щIэращIэхэм, мэзылъэ бгыщIэхэм я лъабжьэм, жэнэтым укъыщыхутам хуэдэщи, щыхуабэщ, щызэгъщ. Дызэрыщыгъуазэщи, Гималаи къурш зэрыIыгъым хеубыдэ метр 8848-рэ зи лъагагъ Джомолунгмэ (Эверест) бгыжьри абы куэдкIэ закъыкIэрызымыгъэху адрей Iуащхьи 10-ри.

ЗэрытщIэщи, куэд щIащ дыщыпсэу Кавказыр зыщыбгъэпсэхункIэ, лъэс туризмэм зыщебгъэужьынымкIэ, лыжэхэмкIэ къыщыбжыхьынымкIэ, альпинист Iуэхугъуэхэр щебгъэкIуэкIынымкIэ зихуэдэ щымыIэ щIыпIэхэм ящыщу къызэралъытэрэ.

Ауэ, итIани, мы зэманым дунейм нэхъ зыщызыужьа, щынэхъ цIэрыIуэ дыдэ бгы лыжэ курортхэр здэщыIэр Европэм и курыкупсэм зыщызыукъуэдия Альпхэр къуршылъэ щIыпIэращ. Абы и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Монбланыр Франджымрэ Италиемрэ я гъунапкъэм тетщ. 1965 гъэм ирихьэлIэу, лъэныкъуитIымкIи а бгым и лъабжьэм щыпхаудащ икIи къыщызэIуахащ а къэралитIым я зыгъэпсэхупIэ нэхъ лъэрызехьэхэр зэпызыщIэ гъуэгу цIэрыIуэр.

Иджы Японие къэралымкIэ зыдгъэзэнщи, абы и хытIыгухэм ящхьэщылъагыкI Фудзи бгыжьыр куэд щIакъым ЮНЕСКО зэгухьэныгъэм дунейпсо щIэинхэм ящыщу къызэрилъытэрэ, абы теухуауэ лъэIу тхылъхэр зыбжанэрэ хуагъэхьауэ щытыгъами.

Къыхуамыдэу щIекIуэкIар, а бгым, Фудзи, и джабэ нэкIухэр фIейм, кIэрыхубжьэрыхухэм хуабжьу ясеярэ къыщIэмыщыжын хуэдизу щIигъэнауэ зэрыщытарщ.

ЩхьэусыгъуэкIэ къыдалъэгъуам «ириукIытэжа» японхэм зыкъызэщIакъуэри, къэралпсо Iуэху кърахьэжьащ: альпинистхэр, туристхэр, компаниехэм щылажьэхэр, пенсионерхэр, егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ - щхьэх зымыщIэ дэтхэнэри - еувэлIащ Япониер зэрыгушхуэ лъагапIэжьым и бгы нэкIухэр гъэкъэбзэным. Абы кърикIуар аращи, 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м ЮНЕСКО зэгухьэныгъэм къыщалъытащ Фудзи бгыжьыр дунейпсо щIэинхэм ящыщ зыуэ.

А махуэм ирагъэкIуэкI

Къуршхэр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыкъэзыухъуреихь дунейм фIыуэ хущытын зэрыхуейм, бгылъэ щIыпIэхэм мыхьэнэуэ яIэр зыхуэдизыр цIыхухэм ягу къэгъэкIыжыным хуэунэтIа Iуэхугъуэ щхьэпэхэр IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щрагъэкIуэкI, псом хуэмыдэу дыгъэгъазэм и 11-р зыхыхьэ тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу. КъэдгъэлъагъуэмэкIэ, Бгыхэм я дунейпсо махуэм теухуа симпозиумхэр, лекцэхэмрэ семинархэмрэ къызэрагъэпэщ, тхылъхэр щащэ жармыкIэхэм зрагъэубгъу, а Iуэхум ехьэлIа дерсхэм курыт еджапIэхэм щIэс цIыкIуэхэр щIагъэдэIу.

Пэж дыдэуи, кIуэтэхукIэ нэхъ нэрылъагъу мэхъу бгыхэми тIасхъапIэ зэраIэр, ахэри игъащIэкIэ зэтемыщэхэжын быдапIэу зэрыщымытыр. КъыхэгъэщыпхъэщI, бгыхэм хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэзых языныкъуэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр я лэжьыгъэм зэрыхуэмыIэижьым, я IуэхущIафэхэм иужькIэ къырикIуэнум зэрытемыгузэвыхьым къыхэкIкIэ, ахэр щылъэща щIыпIэхэр къыпхуэмыцIыхужын хуэдизу теплъаджэ зэрыхъури.

КъыжыIэпхъэщ, къуршхэм я «гъащIэр» зэрекIуэкIынумрэ ахэр щIыуэпсым къызэригъэщIауэ къызэтегъэнэнымкIэ ЩIы Хъурейм тет къэралхэм я политикэми, абыхэм щыпсэу цIыхухэм я бгъэдыхьэкIэми куэд зэрелъытар.

Къыщыхъу щыIэщ, альпинистхэмрэ туристхэмрэ зыщагъэпсэху, къыщакIухь джабэ нэкIухэмрэ абыхэм я зэхуаку дэт тIуащIэхэмрэ къызэрымыкIуэу леишхуэ щрах. А псом я гущIыIужкIи, къуршхэм я куэщI ис къуажэхэм дэсхэм щыпсэу щIыпIэм зэхъуэкIыныгъэ узыхуэмейхэр къыщагъэхъу. А Iуэхум гулыцI зиIэ дэтхэнэри иримыгузэвэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Зи гугъу тщIахэм мыри щIыгъужыпхъэщ: дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм - уэгъум, ятIэпс къежэхэм, уафэм къех псыIагъэм гуилъэсыкI-гуигъэухэм, уэсукхъуэхэм къыздрахьэх мывэхэм, цIыхухэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми - я зэрани бгылъэ щIыпIэхэм йокI.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Апхуэдэ дирижёр телъыджэ дунейм теткъым

Темыркъан Юрэ къыхуагъэфэщахэр



♦**Дирижёрхэм я II Союзпсо зэпеуэм и лауреатщ** *(I саугъэт, Москва, 1966 гъэ).*
♦**Глинкэ М. И. и цIэкIэ щыIэ РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат хъуащ** *(1968 - 1970 гъэхэм ита концерт программэхэм папщIэ (1971 гъэ).*
♦**РСФСР-м щIыхь зиIэ и артистщ** *(1971 гъэ).*
♦**КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артистщ** *(1971 гъэ).*
♦**КъБАССР-м и цIыхубэ артистщ** *(1973 гъэ).*
♦**РСФСР-м и цIыхубэ артистщ** *(1976 гъэ).*
♦**СССР-м и Къэрал саугъэтыр къратащ Петров Андрей и «Петр I» оперэр зэригъэувам папщIэ** *(1976 гъэ).*
♦**СССР-м и цIыхубэ артистщ** *(1981 гъэ).*
♦**Ленин орденыр кратащ** *(1983 гъэ).*
♦**СССР-м и Къэрал саугъэтыр кратащ «Евгений Онегин» оперэр зэригъэувам папщIэ** *(1985 гъэ).*
♦**Прокофьев Сергей «Александр Невский» фильмым щIигъэува музыкэр** *(1996 гъэ).* **Шостаковичь Дмитрий и Симфоние №97-р** *(1998 гъэ)* **егъэтхыныкIэ Grammi саугъэтым и номинацэхэр къихьащ.**
♦**Кириллэ Мефодийрэ я орденыр** *(Болгарие, 1998 гъэ)* **кратащ.**
♦**ПромышленностымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, гъуазджэмкIэ дунейпсо академием щIыхь зиIэ и академикыу хахащ** *(США, 1998 гъэ).*
♦**«Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и III нагъыщэр кратащ** *(1998 гъэ).*
♦**Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр кратащ** *(1999 гъэ).*
♦**ЩIэныгъэмрэ Щэнхабзэмрэ я «Екатерина Великая» орденыр кратащ** *(2002 гъэ).*
♦**«Илъэсым и дирижёр нэхъыфI» Аббиати и саугъэтыр кратащ** *(2003 гъэ).*
♦**УФ-м и Президентым и саугъэтыр кратащ** *(2003 гъэ).*
♦**Профсоюзхэм я Гуманитар университету Санкт-Петербург дэтым щIыхь зиIэ и доктору хахащ** *(2003 гъэ).*
♦**Римский-Корсаков Н. А. и цIэр зезыхьэ къэрал консерваторэу Санкт-Петербург дэтым щIыхь зиIэ и доктору хахащ** *(2003 гъэ).*
♦**Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и II нагъыщэр кратащ** *(2003 гъэ).*
♦**«Триумф» саугъэтым и лауреатщ** *(2003 гъэ).*
♦**Сантэ - Чечилие академием щIыхь зиIэ и академикщ** *(Италие, 2007 гъэ).*
♦**«Илъэсым и дирижёр нэхъыфI» Аббиати и саугъэтыр кратащ** *(2007 гъэ).*
♦**«Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и I нагъыщэр кратащ** *(2008 гъэ).*
♦**«Санкт-Петербург щIыхь зиIэ и цIыху» цIэр къыфIащащ** *(2009 гъэ).*
♦**Налшык къалэ щIыхь зиIэ и цIыху»** *(2010 гъэ).*
♦**«Италием и вагъуэ» орденым и командор хъуащ** *(Италие, 2012 гъэ).*
♦**«Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр кратащ** *(2013 гъэ).*
♦**«Орден Восходящего Солнца» дамыгъэ лъапIэм и III нагъыщэр кратащ** *(Япония, 2015 гъэ).*
♦**Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр кратащ** *(2018 гъэ).*

Темыркъан Юрэ и адэ Хьэту. *1940 гъэ*

Юрэрэ абы и анэ Къардэн Блинэрэ. *1999 гъэ*

Зыми памыщI

* * *

СЭРКIЭ хьэкъщ симфоническэ эстрадэри, оперэри, балетри къэзыгъэIурыщIэф, а псоми я купщIэр къэзытIэщIыф дирижёр Iэзэ дыдэхэм Темыркъан Юрэ зэращыщыр.

ГРИКУРОВ Эмиль,
дирижёр. 1975 гъэ

* * *

Зззэмызэ къысщохъу: Темыркъан Юрэ пулытым щыбгъэдэтым деж, и Iэр зэрИэтыххэу, мафIэ жьэражьэр къыщхьэщех абы. А мафIэм ухуэпабгъэу, абы зыхуэпшийуэ, ар къыбжьэхэлыдэу къыпщоху абдежым. ГъэщIэгъуэнраКъэ; а мафIэм уущIэркъым, уущыщтэн дэнэ къэна, суфIэгъуэм узэщIещтэ.

НОВИКОВЭ Галинэ,
композитор. 1988 гъэ

* * *

УщеплъкIэ, ущедалуэкIэ зыхыбощIэ Темыркъан Юрэ «Евгений Онегин» оперэм зэрыхуэсакъыр - и купщIэр ихьумэн хуэзфIокI, уигу зэребгъэн щыIэкъым, апхуэдизкIэ узэщIащ, зэщIэжъуащ, зэщIожьыуэри. Чайковскэр нэхъри фIыуэ уигъэлъагъунращ Темыркъан Юрэ зыщIэкъур.

ГАККЕЛЬ Леонид,
макъамэ критик. 1988 гъэ

* * *

Талантышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхущ Темыркъан Юрэ. Пулытым щыбгъэдэтым деж абы уедэIуэни уеплъыни пфIэфIыпсщ - гу щыпхуэркъым, зыщыбгъэнщIыркъым. Зэм ткIийщ, зэм щабэщ, зэм Iэдэбщ, зэм мафIэм хуэдэщ - уимытхьэкъункIэ, узэщIимыуфыдэнкIэ Iэмал зимыIэщ.

КНЯЗЕВЭ Иветтэ. *1991 гъэ*

* * *

Адрей псоми сахуэдэщ сэ - Темыркъан Юрэ гъэр ищIахэм сащыщыц, ситхьэкъури, и Iэмыщ1э сриубыдащ. Апхуэдэ къаруэр гъащIэм иIэщ Темыркъаным - ар зэкъым, тIэкъым зэрызгъэунэхуар, Петербурги, Берлини, нэгъуэщI къалэхэми сыщрихьэлIащ. Зыми пэсщIыркъым ар - дирижёр Темыркъан Юрэ!

ВОЗНЕСЕНСКИЙ Андрей,
усакIуэ. 1989 гъэ

* * *

ФыкIуэ Темыркъаным и концертым, абы игъэбзэрабзэ музыкэм федаIуэмэ, фигу хэхъуэнущ, гурыщIэм фызэщIилIэтэнущ, дэрэжэгъуэ къывитынущ, фызэрыцIыхуэр, гъащIэр зэрылъапIэр нэхъри зыхэфщIэнущ.

ПОКРОВСКИЙ Борис,
оперэм и режиссёр.

* * *

Шэч хэлъкъым: и цIыхугъэкIи и гуащIэкIи ар щэджащэщ, псоми къахощ, егъэлеяуэ зэрыгуащIафIэри, зэрыакъылыкIэри, и гулъытэр зэрыгъунапкъэншэри псэкIэ зыхьобощIэ. Куэд дыдэ хуэзфIэкIащ дыдэ, зыхэмызагъэ щыIэкъым. Гъуэзджэм и лэжьакIуэм хэлъын хуей фIагъ псори дыбоIаугъу абы. И теплъэ къудейми къеIуатэ абы и гуащIэр зэрыин дыдэр.

ТРЕТЬЯКОВ Виктор,
уэрэджыIакIуэ, композитор.

* * *

Америкэм сыкъызэрикIыжьыххэу, пIалъэ къыхэзгъэкIакъым - Темыркъан Юрэ и репетицэм сыкIуащ, занщIэуи къызгурыIуащ сэ нэгъуэщI дунейм сыкъызэрыщыхутар. Си гум щызу сыбэуащ абдежым. Сэ сынасыпифIэщ абы ныбжьэгъу сызэрыхуэхъуэм щхьэкIэ.

МАЦУЕВ Денис,
пианист.

* * *

Темыркъан Юрэ деж сыщеджащ сэ. ИгъащIэкIэ сщыгъупщэнкъым ар къызэрысхуэупсар: «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» оперэр дзыхь къысхуищIащ. Абы и гулъытэ зэи сыщыщIакъым, аращ зи фIыщIэр, дирижёр нэхъыщхьэ сызэрыхъуар - апхуэдэ Iэмал къызитащ абы.

ГЕРГИЕВ Валерий,
УФ-м и цIыхубэ артист, осетин дирижёр цIэрыIуэ.

* * *

Темыркъан Юрэрэ сэрэ дыщызэрыцIыхуар сщIэжьыхэкIэрщ, игъащIэ льандэрэ дызэрыцIыхуу къысщохъури. Абы сыщыдэлажьэм деж си гур хохъуэ дапщэщи. Сэ сыт щыгъуи сызэхищIыкIынущ абы, сэри езыр зэхэсщIыкIынущ.

РОСТРОПОВИЧ Мстислав,
пианист, дирижёр. 1998 гъэ

СТРУННЭ квартет стхьн мурад сщIат. Адыгэхэм къадэгъуэгурыкIуэ пшыналъэр лъабжьэ хуэсщIмэ, квартетыр бзафIэ, гъэщIэгъуэн хъун хуейуэ къэслъытащ. ИтIани, си лэжьыгъэр сыыбла нэужь, си щхьэм къихьащ: европей музыкэм еплъытмэ, Къэбэрдейм и макъамэ щэнхабзэм зэкIэ зэрызиужьа щыIэкъым (пасэрей адыгэ уэрэдыжьхэм я гугъу сщIыркъым - ахэр тельыджащэщI). Налшык къащыгурымыIуэмэ-щэ си квартетыр, абы и пщIэр яхуэмыльытэмэ-щэ - арат Iэнкун сыщIэхъуар. Щэч къыззэрысхьижар жесIащ ГъуэзджэмкIэуправленэмИ унафэщIым. Ар цIыху губзыгъэт, жьижь пльэфырт. Си гур фIы къысхуищIыжащ абы: «УщIемыгъуэж, тхы узэрыхуейуэ; уи квартетыр иджыпсту зэхэдмыщIыкIми, абы хуэфащэ пщIэ хуэтщIыф дыхъунщ нэхъ иужькIэ».

Апхуэдэ чэнджэщ къыззэытар, квартетым сытеслъытагъэгушхуар Темыркъан Хьэтуц. Ар Хэку зауэшхэм зэкIуэдащ - фашистхэм яукIащ.

ПРОКОФЬЕВ Сергей,
композитор. 1947 гъэ

Iэнкун сыщIэхъуар

● Гупсысэр - псалъэкIэ

Шэч къытесхьэркъым

Iэмэпсымэ Iэщ1эльми, цIыхуфIым ар егъэбзэрабзэ. ЦIыху Iейм хуэгъэбзэрабзэнукъым. Ардыдэр яхужьIпIэ хъунущ уэрэджыIакIуэхэми. Ар сыт щхьэкIэ жыфIэрэ фыкъызэупщIмэ - сщIэркъым. Ауэ ар зэрыхьэкъым шэч къытесхьэркъым, абы гу зэрылъытэгъэ куэд щIауэ сыщIигъуэзэщ.

Езы гъащIэрщ акъылрэ гъэсэныгъэрэ къезытар

ЦIыху гъэсакIэ зэджэр щхьэж къызэрыгурыIуэщ. ГъащIэм и дерсхэм Iущ щIэхъуакIамэ, абы акъыл къыхихарэ и дэтхэнэ къэзыгъэзэрэбзэнукъым. Ардыдэр яхужьIпIэ хъунущ уэрэджыIакIуэхэми. Ар сыт щхьэкIэ жыфIэрэ фыкъызэупщIмэ - сщIэркъым. Ауэ ар зэрыхьэкъым шэч къытесхьэркъым, абы гу зэрылъытэгъэ куэд щIауэ сыщIигъуэзэщ.

ТЕМЫРКЪАН Юрэ.

И цIэр фигу ивубыдэ!

ОПЕРЭМРЭ балетымрэ я академическэ театрыр (Кировым и цIэр зезыхьэр) илъэс щитI щирикъум щыгъуэ абы къыщагъэлъэгъуэу щытащ Чайковскэм и «Евгений Онегин» оперэр.

Чайковскэм и пушыналъэмрэ Пушкиным и усэмрэ зыпэтщI щыIэкъым дз, дыззрыцIыкIу льандэрэ ди псэм и щIасэщ ахэр. Музыкэр фIыуэ зыльгъуэхэм я закъуэкъым Чайковскэм и Iэдакъэщ1экIэхэм яткьэкъур, ар дэтхэнэ цIыхум дежкIи гукъинэщ, и бзэгупэм тельщ, и гур гуфIэгъуэкIэ егъэнщ, зэщIеIэтэ. А спектаклыр хэтщ ди театр псоми я репертуарым, Iэджэр ягъэлъэгъуащ. ЩIэ гуэр пхуэзлъхьэнкIэ хъуну абы, щIэщыгъуэ ящыпщIыфыну цIыхум? Ар зыхуэфIэкIынур зэчий къызэрымыкIуэ зыбгъэдэлъ музыкантщ ар Ленинград щызыгъэува дирижёр, СССР-ми РСФСР-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ.

А лэжьыгъэр Темыркъан Юрий ешэм и кьалэ Налшык щиублагъэ пльытэ хъунущ. Хэку зауэшхуэр къэхъея нэужь, Налшык ягъэIэпхъуауэ щытащ (Правительствэм и унафэкIэ) щэнхабзэмрэ Iэуэджэмрэ я лэжьакIуэ цIэрыIуэ зыбжанэ. Абыхэм яхэтащ Прокофьеври Мясковскэри. Ахэр ныбжьэгъу зэхъуащ Юрэ и адэ Темыркъан Хьэту - абы и унэм ихьэу, щыхьэщIэу щытащ. Темыркъан Хьэту и чэнджэщкIэ, Прокофьевым ЕтIуанэ (къэбэрдей) квартыр, Мясковскэм ТIощIрэ ещанэ симфониер ятхащ (а симфониемэ лъабжьэ хуэхъуар къэбэрдей пшыналъэхэрщ).

А зэманым Прокофьевыр «Зауэрэ мамырыгъэрэ» оперэм елэжьырт (Толстой и роман цIэрыIуэр ипкъ иткIэ). Юрэ илъэсищи ирикъуатэкъым абы щыгъуэ. Композитор цIэрыIуэр щIалъэ цIыкIум дэджэгурт, триГъэурт. Дауи, абы и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым илъэс плIыщI дэкIа нэужь, а щIалэ цIыкIум «Зауэрэ мамырыгъэрэ» оперэр зэригъэувынур.

1942 гъэм фашистхэм Налшык яубыдащ. Темыркъан Хьэту партизанхэм яхьхьащ. ИпIэс щащIым ятт абы и ныбжьыр, бийм Iэрыхьэу щаукIам.

Музыкэм ухуэдэжнуи апхуэдэ зэмантэкъым зауэ нэужь илъэсхэр. Темыркъан Юрэ игу къегъэкIыж: «Къалэ хадэм тхьэмахуэ къэс щыджэгурт оркестр. Абы дедIуэн щхьэкIэ, паркым дыкIуэрт зэныбжьэгъу цIыкIуэр, ауэ абы щыIэхэт музыкэм сигу къызэрыщIиубыдэ щыIэтэкъым. Музыкэм сыдезыгъэхьэхар си ятэ егъэджакIуэ Дашков Валерийщ. Музыкант сыхьуамэ, фIыщIэр псом ятэ зыщыслъагъур абы дежщ».

Налшык дэт музыкэ еджапIэм щIэтIысхьащ Юрэ ятэ щIыкIэ, итIанэ щеджащ Ленинград дэт курыт музыкальнэ школым.

И егъэджакIуэхэм ящыщ зым и цIэ ириIуэрейщ Темыркъаныр - ар Ленинградщ. Консерваторэм щигъуэта щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъ нэхъ мащIэкъым кьалэ дахэм и театрхэм, концерт залхэм, филармониехэм абы щигъуэта зыуэзыщIныгъэр.

Ленинград консерваторэм щезыгъаджэжэм гу лъатащ студент щIалэщIэр дирижёр Iэщ1агъэм IэкIуэ пэтми зэрыдирьхэхьэм (абы уеджэн мурад иIэхьэтэкъым езым, ар зыми кьалэн къыщищIатэкъым). Алтист Iэщ1агъэ игъэтауэ, консерваторэр 1962 гъэм къиухащ Темыркъан Юрэ, итIани дирижёр Iэщ1агъэм Мусин И. А. деж щыуеджэн зэпигъэуакъым.

Горький Максим и цIэр зезыхьэ Драмэ театрым и оркестр цIыкIум щыджэгурт ар (дирижёри зззэмызэ хуэхъурт). Абы щыгъуэщ Юрэ Лавров Кириллрэ Стржельчик Владиславрэ ныбжьэгъу щахуэхъуар - я щIалэгъуэт щыгъуэ, гуращэ ящIэгъэм хуэпабгъэрт. Юрэ кIэлъыплъ зэпытт Товстоногов Георгий и лэжьакIэм (абы и дерсхэр Юрэ кьыщхьэпэжащ, «Евгений Онегин» оперэр щигъэувам щыгъуэ).

1966 гъэм Темыркъан Юрэ дирижёр дипломыр кратащ, Оперэ театр цIыкIум ирагъэблэгъащ. Дирижёр хъуа нэужь, Юрэ ятэ дыдэ игъэувар «Травиатэ» оперэрщ.

А гъэм и дыгъэгъазэ мазэм Темыркъан Юрэ кьыхуагъэфэщащ дирижёрхэм я Союзпсо конкурсым и лауреат цIэр - мащIэт апхуэдэ дирижёр абы щыгъуэ зыцIыхур, ауэ псоми щIэх кьагурыIуащ гъуэгуанэ кIыхь кьызыщIэлъ дирижёр ахъырзэман къызэрыунэхуам.

1967 гъэм Темыркъан Юрэ Ленинград филармониеи и симфониическэ оркестрым и унафэщI хъуащ - апхуэдэ дзыхь кьрагъэзащ Союзпсо зэпеуэм щытекIуа дирижёр щIалэм. Илъэс 28-м щхьэдэха къудейт Юрэ абы щыгъуэ.

Илъэсипщ1кIэ Iэщ1элъащ абы Ленинград филармониеи и симфониическэ оркестрыр - «Темыркъаным и илъэсипщ1кIэ» йоджэ а лъэхъэнэм. Абы щыгъуэщ дирижёр Темыркъан Юрэ щигъэлъэгъуар Рахманиновым и ЕтIуанэ симфониер, Стравинскэм и «Петрушкэр», Равель и «Дафнисрэ Хлоерэ» сюитэр, Прокофьевым и Классическэ симфониер - абыхэм ящыщ дэтхэнэми хьолъагъуэ дирижёр щIалэм и хъэтIыр, щызыхьобощIэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр зыми зэремыщхьыр, зыми зэрыхэмыгъуащэр. Темыркъаным абы щыгъуэ къытригъэзэжауэ щытащ Шостакович и Еблагэ симфонием, ауэ ар нэгъуэщI къэралхэм пшэ мыхъуну жызыIаи щыIащ, зауэм зэриIэужьыр щхьэусыгъуэ ящIри. Юрэ едэIуакъым апхуэдэ псалъэмакъхэм, игу зэгъакъым а симфониер хамэ къэралхэм щигъэIуху - дирижёрым и цIэр абы нэхъри льагэ дэхъуащ. Нью-Йорк газетым абы щыгъуэ итхыгъащ: «Фигу ивубыдэ абы и цIэр - Темыркъан Юрэ!» Абы и ужькIэ куэд дэмыкIыу Темыркъан Юрэ ябгъуриуващ дуней псом щыцIэрыIуэ дирижёр нэхъ Iэзэ дыдэхэм.

Темыркъан Юрэ дирижёр кьудейкъым, ар зыхэмызагъэ гъуэзджэ лIэужькIыгъэ гъуэтыгъуэйщ: сурэтыщI Iэзэщ, актёр Iэщ1агъэмки хуэзрыкуэщ. ПсэлъэгъуэкIэ сыт и уасэ Юрэ: зэи утезашэркъым абы иIуатэ хъыбархэм, сыт щыгъуи пфIэщIэщыгъуэщ ахэр, узыIэпашэ - жыпIэнурамэ, «Андроников етIуанэщ». Дирижёр Iэщ1агъэм зримыватэмэ, режиссёр хъуну кьыщIэкIынт Темыркъаныр - ар хьэкъ кьыщIащ Кировскэ театрым «Евгений Онегин» оперэр щыщIэзувам. «Сыт нэхъ удэзыхьэхыр?» - жаIэу къеупщIахэмэ, абы нэхъапэм ярит жэуапыр зыт: «Музыкэм». Иджы мыпхуэдэ жэуапщ яритыр: «Музыкэмрэ театрымрэ».

ПЕТРОВ Андрей,
композитор, 1988 гъэ

АдыгэлIым псори щогуфIыкI

«Псэ узджынтахэр» спектакль гугъу дыдэщ - и зэхэлъыкIэкIи, и ухуэкIэкIи, и купщIэкIи. Ар зыхуэгъэувынкIэ хьуныр Темыркъан Юрэ хуэдэ дирижёр, режиссёр щэджащэрщ. Игъэуващ, къехьулIащ - аращ сэ шэч къызытезмызхьэр. Спектаклыр щагъэлъэгъуа ялэ пщыхьащхьэм гу зэрылъыстащи, абы щыджэгу псори щогуфIыкI Темыркъан Юрэ хуэдэ унафэщI зэраIэм.

ХРЕННИКОВ Тихон,
композитор, пианист. 1977 гъэ

Музыкэм и пащтыхь

Кьалэ куэдым сыщрихьэлIащ сэ Темыркъан Юрэ. Ялэ дыдэ щыслъэгъуар Париж дэт «Де ля Виль» театрыращ. Урыс музыкэм и фестиваль щекIуэкIыу Прокофьевым и «Иван Грозный» оперэр Темыркъаным Париж нишат. Юрэ и ялэ лъэбакъуэкэм ящыщщ а оперэр - ари сыт хуэдэ пхъэбакъуэт! ЦIыхур абы зэритхьэкъуар пхуэжьIынукъым - щIэх зэпыуакъым абы иращIэкIа Iэгуауэр. ЕтIуанэ махуэм дирижёр телъыджэм и хъыбар фIэкI Франджым и кьалащхьэм щ ы з э х э п х ы ж ы р т э - къым - цIэрыIуэ хъуауэ нэху къекIат.

Куэд щIащ абы лъандэрэ, а махуэм щыщIэдзауэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ иужькIэ зэи д ы з э р ы г ъ э г ъ у э щ а - къым. Темыркъаныр егъэзащIэ си пшыналъэхэм щыщ куэд. Аращ сэ стха «Псэ узджынтахэр» Театрышхуэми Кировым и щIэр зезыхьэ театрми щызыгъэувар, тIуми - зэрыщIигъуэ щIыкIэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Ар езым бгъэдэлъ Iэзэгъымрэ а театрхэм я «шыфэлIыфэмрэ» елытащ. Дапщэрэ игъэлъэгъуами, абы игъуэ оперэхэр щIэщыгъуэ къыпщохъу - зыгъэр щIимыгъуауэ, зыгуэркIэ иримыгъэфIэкIуауэ, ар зэи кьигъэлъагъуэркъым Темыркъаныр. Ар талантышхуэм и нэщанэщ, апхуэдэ зэчийр цIыхушхуэм къыдалъху. Сыт хуэдэ оперэ иужь ихьэми, ар Темыркъаным и гъэувынукъым, игъэлъэгъуэнукъым, езым и гущIэлъапсэм щемытIысэхамэ, и лъым хэмыхьамэ. Аращ, дауи, абы и лэжьыгъэр ди гумрэ ди псэмрэ щIыдыхьэр: абы дызэщIеIэтэ, дызэщIеуфыдз, ди гупсысэр ешэщI. Абы и лэжьыгъэм гухэхъуэ къызэритым тепсэлъыхьын кьудейр сфIэмащIэщ. ЖысIэнураци, сыт щыгъуи сфIэтельыдджэщ Темыркъаныр и лэжьэкIэр, и Iуэху бгъэдыхьэкIэр.

Концерт эстрадэми щыбгъэтынукъым Темыркъаным хуэдэ - абдежи абы цIыхур хьэщIыкъ ещI, етхьэкъу, зыIэпешэ. «Музыкэм и пащтыхь» - а цIэр хуэфащэпсщ Темыркъан Юрэ, ар езым и талантрэ и гуащIэдэкIкIэ кьиIэжьа цIэщ.

ЩЕДРИН Родион,
композитор.

Темыркъан зэкъуэшхэм Налшыкыпсым и Iуфэм зыщагъэпсэху. *ИжькымкIэ кьыщыщIдзэауэ: Юрэ, Владимир, Борис. 1979 гъэ*

Темыркъаныр ягъэлъапIэ Щедрин Родион, Вознесенский Андрей, Зыкинэ Людмилэ сымэ. *Ленинград, 1988 гъэ*

Газетхэм ятхахэр

ПАРТИТУРЭМ зы мэскъалкIэ текIыркъым Темыркъаным и оркестрыр. Тельыджащэщ дирижёр Темыркъан Юрэ и лэжьыгъэр. Ялэ макъамэм щыщIэдзауэ, абы итхьэкъуащ залым щIэсхэр. Концерт нэужьым щIэх зэпыуакъым абы иращIэкIа Iэгуауэр.

«Эль Паис», Испание. 1981

* * *

Ленинград оркестрым зригъэужьIащ дирижёр Темыркъан Юрэ, абы пэхъуэ оркестр куэд бгъэтынукъым. Ар зи унафэ щIэт дирижёрым хуэфащэпсщ - аращ абы зезыгъэузэщIар, дамэ кьытезыгъэкIар.

«Свенска дагбладет», Швеце. 1971

* * *

«Токио Буна Каикон» концерт зал зыкъизыхым щызэрагъэцIыхуащ японхэм Темыркъан Юрэ. Апхуэдэ концерт я щыпэлъагъут японхэм - псори дитхьэкъуащ дирижёр телъыджэм. Хьыгъахъуэ, Темыркъан!

«Асахи», Японие. 1974

* * *

Ленинград кьалэ щIэращIэщ. Абы хуэфащэщ Темыркъан Юрэ зи унафэщI оркестрыр - абы и джэгукIэр зэрыбгъэщIэзэрщIэр пщIэркъым. Дирижёрыращ ар зи фIыщIэр.

«Нью-Йорк пост», США. 1977

* * *

Гъуэзджэм и щэху псори зыщIэ, оркестрыр абы хуэзыунэтI, хуэзыгъэIущ дирижёрщ Темыркъан Юрэ.

«Врадини», Алыджь. 1978

* * *

Кировскэ театрым и оркестрым сыт и лъэныкъуэкIи узыIэпешэ: зы макъ лей щызэхэпхынукъым, абы хэс музыкантхэр псоми зэрощIэ, я бзэр зэпуэц, я пшыналъэр гъэхуащ - Темыркъанращ а фIагъ псори оркестрым хэзылъхьар.

«Висбаденер Магблатт», ФРГ. 1979

* * *

«Евгений Онегин» оперэм зыщIузэщIащ Кировскэ театрым, зыми еплъыт хъунукъым ар, апхуэдизкIэ хьэлэмэтыщIэщи. ХьэлэмэтыщIэщ Темыркъан Юрэ и оркестрым абы щигъэIу, ар «зэрихуапэ» пшыналъэр.

«Дейли телеграф», Инджылыз. 1987

* * *

Темыркъан Юрэ жьы зыщIэт, зи Iэпкълъэпкъыр жан, зи гурыщIэр куу музыкантщ. Ардыдэр хужьIпIэ хъунущ ар зи унафэщI оркестрми.

«Джумуриет», Тырку Республикэ. 1990

● Дыгъэгъазэм и 10-р Топджэгум и дунейпсо махуэщ

Гугъущ къэкIуэну дахэм и лъабжьэр бгъэтIылъыну

**Щы хъурейм и щIыпIэ псоми цIыху мелуанхэр щызытхьэкъуа топджэгум и дунейпсо махуэщ дыгъэгъазэм и 10-р. Ар къэрал куэдым Iэтауэ щагъэлъапIэ. Къапщтэмэ, Бразилием. Зыми хуэзфIэмыкIауэ абы и командэ къыхэхар тхуэнейрэ дунейпсо чемпион хуэм и закъуэкъым, атIэ екъуалэныгъэкIэ зыкъыщагъэлъапIэгъуэ и футболистхэр здэщымыIэ щIыпIэ къэгъуэтыгъуейщ. Уеблэмэ, Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и гъуащхьэтет Гильермерэ гъуащхьэхъуэмэ Фернандесрэ къыщалъхуари къыщыхъуари Бразилиеращ. А къэралым и экономикэр, цIыхухэм я псэукIэр езыгъэфIакIуэ унэтIыгъэшхуэщ топджэгур. Дэ абыхэм далъэщIыхьэным куэд дыдэ иIэщ, ауэ дыз эрыгушхуэнри мащIэкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ ди гугъэ псори зэпхар Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иджыпсту щыджэгу «Спартак-Налшыкращ». Ар зыхэт зэхьэзэхуэм пIалъэ кIыхькIэ зэрызэпагъэуар къэдгъэсэбэнщи, къэкIуахэм дыхэплъэжьынщ икIи абы ехьэлIауэ ди Iуэху еплъыкIэм фыщыдгъэгъуэзэнщ.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр бадзэуэгъуэм (июлым) и 25-м «Спартак-Налшыкым» хъарзынэу иригъэжьащ икIи Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэм «Спартак - Владикавказ»-р щыхIэнгъэщIащ. Пэжщ, махуитху дэкIри осетинхэр Налшык къыщыблэгъащ икIи къэралым и кубокыр къэхьыным ехьэлIа зэпеуэм и пэублэ Iыхьэм «яль щащIэжащ», хэгъэрейхэм бжьыгъэшхуэкIэ ефIэкIри. Абы щигъуэм къытщыхуауащ мылъкур хуабжьу кьыззэмэщIэкI «Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэр бзаджагъэм хуэкIуауэ икIи зэхьэзэхуитIым зэуэ зэрыхэмытыфынум къыхэкIыу езыхэр хуейуэ иужьым зыкъыхрагъэхуауэ.

А гупсысэр мыпэжыщэу гурыщхъуэ дигъэщIащ махуэ зыщыплI нэхь дэмыкIыу къытхуэкIуа Мэхъэчкъалэ и «Легион Динамо»-м ди щIалэхэр зэрыпэмыпъэщам. Арщхьэкlэ Дон Iус Ростоврэ Краснодаррэ текIуэныгъэхэр къыщахьауэ къыщыкIуэлIэжым дысэбырыжащ. Уеблэмэ къыззэрытфIэIуэхущам щыIэкъым, «Урожай»-м очкоищ зыIэригъэхьауэ ди кьалащхьэр щибгъинами. ТщIэрт зэхэщэщэжа «Кубань»-м и пIэкIэ Краснодар къыщыззрагъэпэщэ командэщIэм кьалэнышхуэхэр зэрыхуагъэувар икIи Къалмыкъ Амур я пашэу абы адыгэ щIалэ зыбжанэ екъулIэныгъэкIэ зэрыщыджэгур.

Пэж дыдэуи, адэкIэ къыщыпэщылъа джэгуГуитIыр «Спартак-Налшыкым» хъарзынэу нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщыхьэщыдыщ: Астрахань «Волгарь»-м къыщыпикIуэтакъым (2:2), Дон Iус Ростов СКА-р щыхIэгъэщIащ (1:0).

ФокIадэм (сентябрым) и 22-м Налшык къеблэгъащ ди лъахэгъу Дыщэкl Хьэзрэт зи тренер нэхъыщхьэ Новороссийск и «Черноморец»-р. Адыгэ щIалэм и гъэсэнхэр сыт щыгъуи зэрыльэщыр тщIэрт (новороссийскдзэкъэ абы зэгуэр премьер-лигэм хишауэ щытащ), ауэ «Спартак-Налшыкри» къимыкIуэтыну къыщтщыхуэрт. Арщхьэкlэ...

«Черноморец»-р къаззрытекIуар апхуэдизу зыхьащIауэ арами, адэкIэ я Iэзэгъыр пэмыльэщами хэт ищIэн, ауэ къыкIэпыкIуэ джэгугъуищри ди щIалэхэм къайхъулIакъым икIи зы очко закъуэ Ингушым кърашауэ аращ. Абы щигъуэми «Биолог-Новокубанск»-р Налшык къыщытекIуащ. Къыкlэлыкlуэу япэ дыдэу хамэ щIыпIэм мы зэхьэзэхуэм къыщыкагъэщIащ: иджыри къэс зыри кьизэремыфIэкIар иригъэкъужу «Чайка»-м топитху зэуэ я гъуэм кьыхудигъэкIащ, жэуап иратыжьну Iэмал гуэри къарамыту.

0:5-уэ уэхъыагъэщIа иужьkIэ, махуитлI фIэкIа дэмыкIауэ 5:1-уэ утекIуэжьыфынкIр лIыгъэ пэлъытащ. Апхуэдэ зыхуэзфIэфыщ Испанием и «Барселона» командэ цIэрыIуэхэм зэуэ щIалэхэр ефIэкIри. Абы щигъуэм къытщыхуауащ мылъкур хуабжьу кьыззмэщIэкI «Спартак-Налшыкми» кьехьулIащ. Пенчакопскэм къыщыхудгъэкIа жэуапыншэ топитхум кьигъэIэла ди щIалэхэм я губжьыр я къуэшхэм трахьутащ - Мейкъуапэ и «Дружба»-м апхуэдизу дыдэрэ и гъуэр кьащтащ.

Аргуэрыжьри, гугъэхэр къэщIэрэщIажащ. Арщхьэкlэ, тхьэмахуэ дэкIри, дыпэмыплъэхъауэ, Ставрополь къыщыхагъэщIащ. Иджыри къэс иужь дыдэ уеблэмэ щыта хагъэрейхэр зытрагъакIуэри, аэр зымащIэкIэ турнир таблицэм къыщащIэтащ. Апхуэдэ дыдэ «Iэхъутхьбзэ» зэпеуэр хуэдэ щIалэхэр дыдэм хуащIащ Дон Iус Ростов кьикIа «Академия»-м и футболист ныбжьыщIхэмри. Арати, езыхэри топджэгум Къэбэрдей-Балъкъэрым щыдихьэхъхэри гуитIщхьитI ящIауэ зыгъэпсэхуакIуэ зэбгрыкIыжащ. Гъатхэпэм (мартым) и кIэухращ ди щIалэхэм я зэфIэкIкIар иджы щытпъагъунур.

«Спартак-Налшыкым» и щIыщIэщыпIа джэгуГуитIыр «Спартак-Налшыкым» хъарзынэу нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщыхьэщыдыщ: Астрахань «Волгарь»-м къыщыпикIуэтакъым (2:2), Дон Iус Ростов СКА-р щыхIэгъэщIащ (1:0).

ФокIадэм (сентябрым) и 22-м Налшык къеблэгъащ ди лъахэгъу Дыщэкl Хьэзрэт зи тренер нэхъыщхьэ Новороссийск и «Черноморец»-р. Адыгэ щIалэм и гъэсэнхэр сыт щыгъуи зэрыльэщыр тщIэрт (новороссийскдзэкъэ абы зэгуэр премьер-лигэм хишауэ щытащ), ауэ «Спартак-Налшыкри» къимыкIуэтыну къыщтщыхуэрт. Арщхьэкlэ...

«Черноморец»-р къаззрытекIуар апхуэдизу зыхьащIауэ арами, адэкIэ я Iэзэгъыр пэмыльэщами хэт ищIэн, ауэ къыкIэпыкIуэ джэгугъуищри ди щIалэхэм къайхъулIакъым икIи зы очко закъуэ Ингушым кърашауэ аращ. Абы щигъуэми къыщыдалъхуа икIи зыщызыгъэса футболистхэр. Ди командэм уэрэ къыхьыхьэу хуежьащ адыгэ, балъкъэр щIалэгъуалэр - арат абы и кьалэн нэхъыщхьэу сыт щыгъуи щытын хуейри. НэгъуэщIу щыщытын щIэзекIым. «Спартак-Налшыкым» и закъуэщ зыхьащIагъэльэгъуэну Iэмал щIэр ди республикэм щылажьэ футбол школхэм я гъэсэн хэм. Апхуэдэ гъэзэг ямыIэнумэ, ахэр щIагъэсэни щыIэкIым, зэманрэ мылъкурэ куэду трагъэкIуадэу.

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭМ къыззрыхагъэкIыжрэ мылъкум теухуа Iэхъугъуэкъэ «Спартак-Налшыкым» и гукъеуэ нэхъыщхьэу сыт щыгъуи щытщ. Зэманыбгым махуэ кьэс ику иту сом мелуаным щIигъу ди командэм трагъэкIуадэу щытамэ, иджы илъэс псом хуэхьыфыр абы и Iыхьэ пщIанэми нэсыркъым - сом мелуан 30-м нэблагъащ. Арщхьэкlэ яри мащIэкъым, цIыхухэм я псэукIэр къэгпльытэмэ, икIи тэмэму зэгъэзэхуэн хуейуэ аращ, Мырзэ Резуан, Бырхъэм Къантемыр, Щауей Алихъан сымэ хуэдэхэр гуп лъэщхэм щыхэдгъэхьэфынур ди командэм хуахаа мылъкур хамэм ирамыгъэшхыу ди щIалэщIэхэм я зыужьныныгъэхэм халъхьэмэщ.

Налшык и «Спартак» стадионым, щIыу мин 14-рэ 200-рэ ихуэ пэтми, зэIущIэхэр щекIуэкI махуэхэми щымщ. Щхьэусыгъуэр мащIэ дыдэ фIэкIа къыззремыкIуалIэращ. ЦIыхуи 150 - 200! Абы нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ кIэльоплъ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым хьыхь ящыныкъуэ зэIущIэхэр щыкIуэ зэпIэщIэ. Сыт-тIэ щхьэусыгъуэр? Топджэгум дихьэхэзм набдзэгубдзапIэу зэрадэмылажьэращ. Пэжщ, премьер-лигэм щыхэта илъэсхэм ахэр хэпщIыкIыу щигъэкIащ. Мазкую и ЦСКА, «Спартак», «Локомотив», «Динамо», Санкт-Петербург и «Зенит», Къэзан и «Рубин» командэхэм худэхэр къакIуэурэ Европэм, дуней псом щыцIэрыIуэ футболистхэр дагъэлъагъуэжьркъым. Абы къэгъазэ иIэжу къыщIэкIынкъым, тонджэгур мылъку эздзэ зэрызхъуам икIи апхуэдэм дызэрыхэтын зэфIэкI дыззримыIэм къыхэкIыу. Арщхьэкlэ зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым дэ псом япэрауэ стадионым дыщIэкIуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьэр зыхъмэ щIалэхэр тедгъэгушхуэну арауэ зэрыщытыр. ГурыIуэгъуэщ, интернетым апхуэдизу лъэщу зиужьащи, уи унэм ущIэсу сыт хуэдэ зэIущIэми уеплъыфынущ. Арщхьэкlэ уи нэкIэ плъэгъуам, абы узэрыхэтам пэщIыфым щыIэкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм щыIэ стадион абрагъэуар мылъкушхуэ тебгъэкIуадэу бгъэлэжьынэ ємышIу нобэкIэ зэIущIэм еплъыну кьакIуэ цIыхуи 150 - 200-м щхьэкIэ. Топджэгум дихьэхэзр абы къызэрепшэлIэфыну Iэмалхэр щымыIэу аракъым, атIэ хищIыкIыу, гудзакъэ иIэу Iуэхум елэжьын къыхамыкIыфуращ. Армырами сыт щыгъуи нэщI стадионым пщIэншэу ибгъэхьэ щIэмыкIынур сыт сабийкэр, студентхэр, спорт школхэм зыщIысыгъасхэр, пенсэм щыслхэр, «Спартак-Налшыкым» зэгуэр щыджэгуаэхэр... Абыхэм гъуэз яхуэзэхуунущ тумэнитхур ихьэпIщIэу къыззмыхьэлъэкIынуэ я гъэкIуэ зэпытщ икIи гъэ кьэс ахъшэу трагъэкIуадэм хагъэщIурэ къоIуэкI. Иджы, республикэм и унафэщIхэр щыдгъэхьэжакIэ, абы и лъэныкъуэкIэ гугъэфIхэр щыIэщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Узыншагъэ

Нэхъ тыншщ къэмыгъэхъуныр

Ислъэмей къуажэ администрацэм и жэрдэмкIэ курыт школ №1-м щекIуэкIащ щIалэгъуалэр наркотикым, фадэм, тутыным, СПИД-м щыхьэмэным теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ Бахъсэн район администрацэм щIалэгъуалэ Iуэхухэмрэ спортымкIэ и кьудамэм и унафэщI Гъут Резуан, щыналъэм и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу Мырзэ Алим, Ислъэмей къуажэм и амбулаторэм и дохутыр-терапевт Кьэрынжь Изабеллэ. Зеикъуэ дэт сымаджэщым и нарколог-психиатр БжьыхьэлI Светланэ, КъБКъУ-м и медицинэ кьудамэм узыфэ зэрыщIалэхэмкIэ и кафедрэм и доцент Уэрэзей Нурхьэлий сымэ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭР Iуэху мыхъумыщIэхэм щахъумэнымкIэ, гъащIэ узыншэм дегъэхьэхьынымкIэ егъэджэныгъэ, социальнэ, медицинэ Iуэхущ1апIэхэр я дэIэпыкъуэгъу зэхьыхьэхэр щIэх-щIэхьыурэ къыззрызэрагъэпэщыр жиIащ Гъут Резуан.

Дохутырхэр тепсэлъыхьащ фадэм, тутыным, наркотикым къыхэкI узыфэ шэнагъуэхэм икIи къыхагъэщащ ахэр бгъэхьужьынымкIэ нэхърэ къэмыгъэхъуныр куэдкIэ нэхъ тыншу зэрыщытыр.

Уэрэзей Нурхьэлий и гугъу ищIащ ВИЧ узыфэм нобэрей ди гъащIэм псынщIэу зэрызыщиубгъуэм икIи ныбжьыщIэхэм гу лъариГэтащ ар къызызыкIхэм.

ЧЫЛАР Аринэ.

«Ажалыр щащэр жыIэ!»

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэм щызэхалъхьажащ республикэм щрагъэкIуэдкI «Ажалыр щащэр жыIэ!» урысейпсо Iуэхум и етIуанэ Iыхьэм кърикIуаIэр икIи гу нэхъ зылъытапхъэхэр яубзыхуащ.

IУЭХУМ теухуауэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м, УФСИН-м, Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Щэнхабзэмкlэ, Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмэрэ щIалэгъуалэм и Iуэхуэмкlэ министерствэхэм я лIыкIуэкIэр.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщащи, школакIуэхэу, Iэщ1агъэ щызрагъэгъуэт, егъапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэу 8800-м щIигъу екIуэлIащ республикэ УНК-м, КъБР-м щыIэ МВД-м балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэмкlэ и Iэнатlэхэм, Урысей МВД-м и район къудамэхэм полицэм и участковэ уполномченнэхэм, Узыншагъэр хъумэнымкIэ, Щэнхабзэмкlэ, Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ министерствэхэм я лжьакIуэхэм къызэрагъэпэща лекцэхэмрэ зэпсэльэныгъэхэмрэ. Акцэм хиубыдэу ирагъэкIуэкIащ наркотикэкIэр, медицинэм емыхьэлIа акъылыр зыгъэутхъуэ вещественэр къэбгъэсэбэп зэрымыхъунум, ар узыншагъэм дежкIэ зэрышынагъуэм теухуа Iуэху щхьэпэ 298-рэ.

Республикэм щыпсэуэхэм къабгъэкIыу КъБР-м щыIэ МВД-м, нэгъуэщI Iэнатlэхэм яIэрыхьащ хьыбар 65-рэ. Абыхэм ябгъ иткIэ уголовнэ Iуэху 28-рэ я къаIэтащ, административнэ протоколхэу 7 атхащ, хабзэм кьемызэгъуэ ирагъэкI наркотикхэкI килограмми 3-м нэблагъэ къытрахащ.

Гупым хэтхэм къащыщIащ балигъ мыхъуахэмрэ щIалэгъуалэмрэ куэду щыIэхэу, апхуэдизуи сатущIапIэ аптекэу 574-рэ. Наркотикхэр хабзэм ебакъуэу игъэкIыным ехьэлIауэ ялажьа щIэпхъаджагъэхэм кьыхэкIыу мызэ-мытIэу суд зытращIыхьахэм теухуа рейдхэр ирагъэкIуэкIащ. Абы кьызэщIиубыдащ цIыху 680-рэ. ЕтIуанэу щIэпхъаджагъэхэр ямылажьын папщIэ жэуапым ирашэла, учетым щыт цIыху 700-м щIигъум псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкIуэкIащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъакIуэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ полицэм и полковник Дудар Виталий жиIащ наркоманием пэщIэтыным нэхъри зегъэужьын зэрыхуейр икIи ихьэзыхуэсахэр ныхъуриджащ я лжьыгъэр щIагъэхуэбжьэну.

УАРДЭ Жантинэ.

● Iуащхьэмахуэ щIынатIэ

ЩIэрыпсу зэрахъуэкI

Тырныауэ и ут нэхъыщхьэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж. Псыутхэр, тетIысхьэпIэхэр, лъэс лъагъуэхэр псори щIэрыпсу зэрахъуэкI.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» политикэ партым «Формирование современной городской среды» и проектым и фIыгъэкIэ ирагъэжьа Iуэхум федеральнэ мылъкум къыхэкIыу сом мелуаницым щIигъу хуэхащ. А щIыпIэр къалдэсхэм я деж щIагъэкIуэкIа Iуэпущ1эм кърикIуамкIэ къыхахащ.

Иджыпсту лъэс лъагъуэм плиткэхэр ираIуахъ, уэз гъэгъахэр щагъэкIынуэр къращIыкI. Дыгъэгъазэм и пэщIэдзэхэм яухыну тращIыхьа утым къалэдзэхэр зэрыщыгуфIыкIынум шэч хэлъкъым.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, зи гугъу тщIа программэм хэту къалэм и пщIантIиплI зыхуэя хуагъаз, сабий джэгупIэ щхьэхуэхэри дэщIыгъуу.

ИМРАТ Сэлимэ.

Хабзэм хагъэгъуазэ

Сабий творчествэмкIэ «Эрудит» центрым щызэхуэзащ полицэм и лжьакIуэхэмрэ Iуэхущ1апIэм и гъэсэнхэмрэ.

УРЫСЕЙ МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхуэмкlэ и инспекторхэу **Къаншокъуэ Хьэлимэт, Мэкъушэ Расмие**, ОГИБДД-м и инспекторхэу **Борисовэ Аннэ, Уэрэн Валерий** сымэ, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и лжьакIуэ **Ету Заирэ** ящIыгуу ещIыгъуу кьызэрагъэпэщащ «Хабзэм хэгъэгъуэзэн» «стIол хъурей».

НыбжьыщIэхэр псалъэмакъым жыджэру хэтащ икIи хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лжьыгъэм, иджырей законодательствэм и мардэхэм, хабзэм ебэкъуахэм яхь жэуаплныгъэхэм ехьэлIауэ зыщIэупщIащ. Iуэхуэмкlэ и Iуэхущ1апIэхэм ящIыгуу ещIыгъуу.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къуажэдэсхэри хьэщIэхэри щогуфIыкI

Iуащхьэмахуэ къуажэм дэт сымаджэщым щыIэ и биохимие зэхэлъыкIэр къахутэну Iэмал щаIэ хуащ. Иджы Iуащхьэмахуэ лъапэ щыпсэуэхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ ар къащIэн папщIэ район сымаджэщым кIуэн хуей хъунукъым. Апхуэдэ Iуэхутхьэбзэр гъуэгуфIыгуэйт, нэхъыбэуи ящIыпхуащIэр уней медицинэ лабораторэхэр. Къуажэдэсхэм я дежкIэ ар хъыбар гуапэщ, сымаджэщми и зэфIэкIым къыхэзыгъахъэщ.

1936 ГЪЭМ яухуа сымаджэщыр районым ит ухуэныгъэ нэхъ жьы дыдэхэм ящыщщ. Ар цIэрыIуэ хъуащ астмэ, аллергие, тхьэмбылым епха узыфэхэр гъэхъужьыныкIэ зыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэмкIэ.

- Лъым и биохимие зэхэлъыкIэр къэхутэныкIэ дысыкъуэныкъуэ Iэмэпсымэхэмкlэ дыкъызэгъэпэщащ, нэхъыщхьэраци, Iуэхум хэзыщIыкI Iэщ1агъэ зэрыщIэн ди Iэщ. Зи зушащэм къимыхьу сымаджэщым нэс къэмыкIуэфынурэ Iуэхутхьэбзэр я унэм щыхуащIэнущ, - къыждиIащ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Тебердиевэ Зейнаф.

Сымаджэщым и мылъкутехникэ лъабжьэр хэтрэнэу къызэгъэпэщащ, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» Iэнатlэри яIэщ. Илъэс псом медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр хуащIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыгъэнсэхуакIуэ къакIуэхэм. Iуэхущ1апIэм епха фельдшер-акушер пункт Терскол щыIэщ, абы щолажьэ дохутыр-терапевтрэ фельдшеррэ.

ТАРИМ Алисэ.

● Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIар

	Псори зэхэту						Я стадионым						НэгъуэщI щIыпIэхэм					
Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Чайка»	16	12	4	0	37-10	40	8	6	2	0	20-4	20	8	6	2	0	17-6	20
2. «Урожай»	15	11	4	0	24-9	37	8	6	2	0	14-6	20	7	5	2	0	10-3	17
3. «Волгарь»	15	10	3	2	27-14	33	7	5	2	0	13-5	17	8	5	1	2	14-9	16
4. «Черноморец»	16	9	3	4	35-13	30	8	4	2	2	22-6	14	8	5	1	2	13-7	16
5. «Дружба»	16	9	0	7	17-18	27	8	6	0	3	12-8	18	7	3	0	4	5-10	9
6. «Легион Динамо»	16	6	6	4	20-15	24	9	5	2	2	12-5	17	7	1	4	2	8-10	7
7. «Биолог-Новокубанск»	16	7	3	6	18-15	24	8	4	1	3	12-8	13	8	3	2	3	6-7	11
8. «Спартак-Налшык»	16	6	4	6	24-24	22	7	2	1	4	12-11	7	9	4	3	2	12-13	15
9. «Мэщыкъуэ-КМВ»	16	4	5	7	17-22	17	9	3	3	3	12-12	12	7	1	2	4	5-10	5
10. СКА	16	3	7	6	10-16	16	8	1	4	3	4-7	7	8	2	3	3	6-9	9
11. «Краснодар-3»	16	3	4	9	19-33	13	8	3	3	2	16-11	12	8	0	1	7	3-22	1
12. «Спартак-Владикавказ»	16	3	3	9	16-25	12	8	2	1	4	8-12	7	7	1	2	4	8-13	5
13. «Ангушт»	15	1	8	6	7-16	11	6	0	3	3	2-5	3	9	1	5	3	5-11	8
14. «Академия»	16	2	3	11	11-30	9	8	0	2	6	4-15	2	8	2	1	5	7-15	7
15. «Динамо-Ставрополь»	16	2	3	11	15-37	9	7	1	2	4	7-12	5	9	1	1	7	8-25	4

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Щ1хьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я лъэныкъуэмкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхутыгъэхэм я нэхагъэмкIэ ахэр зытхахэм яжу жуал яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аз3эмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.119 ● Заказ №1214